

THE WORDS IN WOLOF

KÀDDUG YEESU
BU NÁSARETT

TEEERE BII DI KÀDDUG YEESU BU NASARETT

ROBERT LEE CANTELON MOO KO SOTTI

IMPRIMATUR, Nihil Obstat

L.D.Z 1.909.92

ISBN 0 –9626942 – 1 – 5

Copyright 1991, 1995

Bu Robert Lee Cantelon

Dékkukaay ki nuy jokkoonteeel

THE WORDS

P.O BOX 5550

Washington, DC. 20016

ÑAAREELU XAAJ

Nguuru Yàlla gu bees gi.
Ndigalu Buur bi.

ÑATEELU XAAJ

Njang yu magg yi.
Jàngaale bu bees bi
Xeewél yi.
Doole ñaan bi.
Alal yi ci Asamaan.
Ngëm biy randal ay tund.
Teey, yérmande ak baale.
Dund wiy meññ.
Wér, ak wérél yaram ak ruu.

ÑEENTEEELU XAAJ

Woote ci dund gu bees gi.
Woote bi.
Doon ku judduwaat.
Taalibe yi ak jaam yi.
Yonee bu mag bi

Ñaan bi Krist ñaan jagteel ko ay talibeem.

JUROOMEELU XAAJ

Dige bi.
Jamano jii.
Ab dëkkukaay ngir yeen
Dige xel mu sell mi.
Ab woote ci dung gi.
Jamano yu mujj yi.
Dellesi gi.

JURÓOM BENEELU XAAJ

Bees Yeesu yi mujj yi ci kaw suuf.
Woor bi
ATTE bi ak bant bi.
Gannaaw NDEKKITE la
Bés bu nekk

Ndax iii doonul lu leer ci yoonu gëstu? Amoon na mbeteef ci sama laaj bii. Waxoonama nee da na nafar ay yoon yu baree ci KÓLLËRE GU BEES GI wayee xalaatam mosudoon na dem ci káddug Yeesu bii.

Bi jánt bi sowee ñu daldi xaajaloo, waaye ken ku nekk ci ñun tambaleena xalaatam ci mbir moomu. Ci door, moom mu rañee káddu Yeesu, man nag, ma ndellu ci njàng mi tey fedéli sama mebkte. Sama geestu gi tambaleena wone li ma xam as neew, te itam wone na ñakk xam ñi jang ci walu xebaar bi Yeesu joxe, te mu doon xebaar biy seg tey jalgati diine yi ci jamano jii. Lu ma gen di jang ak nafar teere bi, sama xamxam ak sama yite di gën di bare ci Turam.

Xibaaru kiy wooye boppam Musalkat tekkiwul dara su fekeene jalgatiwuñu ko baa mu wóor te mu am mengale. Jox ay laaj ñiy geestu ci káddoom, mel na ni woote bu ñu jémale ci addina bi xiif, bon, te gëmëdi. Mën nañoo wax ne bu wóor ne Káddu Krist defaa leelu ci sópi gu wóor.

Sunu fexe te an ndam ci Yeesu, am na itam ñakk takkutte ci lii jém ci moom. Ci loolu, gis na ne jokkonte wuñu a Xibaar buy waare feyonnee bu Yálla bu fees ak mbëgeel ak yirmande. Ubil na bunt Aljána ñep, muy góor di njigéen, muy Yawut ak kugul Yawut, jaam ak gor ci kaw ne joxe nañu seen bopp ni ay "xale yu tuuti" te ubi seen xol, te rañe neekiinam ci seen biir. Ni gisgisam mene woone aada Yawut ci jamano jooju noonu la ñu woowe ndax ñu xa xibaar bi mu jagleel jëmele ko ci Jigéen, ñaan ak nekk ben ak Yálla. Jangleem yi dañoo daan gis-gis ñi lëngook aada te leeral ndigël yi ci diine. Te li muy jangle defa yomb a dug ci xol ak xel yi.

Lu wees ñaar fukki tëmeer ci ay átt a ngi, njang maa ngi weey. Ay kurel, ak ay nit yu am daraja nëw nañu te yëngu ci fana woowu. Woone wu naañu, daanu te saay, waaye Káddoom yu dunu saay mukk ni bidiwu jék biy leeral sunu xol. Gaa sax, ñakul ne dinaa jokonte ak tëx-tëx ci sama geestu.

Ñu baree ndimle nañuma ci li ba bind teere bi. Bëg na na saargaal ligeyu ndem si Yálla William Barclay mu dara mu Glasgow, Kenneth Scott Latourette bu Yale, Willard ak Verma Cantelon, ni ma jápp le ci fep fana, ak *Oxford University God's New Covenant With Man*, mi indi walam ci sotti bi.

Yaakaar naane teere bii diinda leen jox káttan ak ngora ci seen geestu te womat leen ci xura Xel mu Séll mi ak ci léer giy leera addina sia. Kuñu rañee ci walú bind di Sholom Ash bind na ne: " Ñu baree bind nañu ci walu Araab, Sow jánt, wayee káddu bu nekk am na lu muy de ci ku nekk ci ñun. Moom, moo doon leer biy leeral addina si."

Lee Cantelon

" Man naa ngi leen di sóob ci ndox. Waaye ki ma ép káttam dina ñëe te yeoyoowumaa tekki ay dállam. Kooki dina leen sóob ci Xel mu Sell mi ak safara".

Yaxyá Mi daan sóob ci ndox

" Ndaxte jenn Yálla kepp moo am, ak be Rammukat kepp diggante Yálla ak nit ñi, di nit ki Krist Yeesu, ni joxe bakkanam ngir jot ñep".

Pool mu Tedd mi

" Xelum Boroom baa ngi ci mam,
ndaxte moo ma tánn ngir ma yégal néew
doole yi xebaar bu baax bi.
Dafa maa yónni, ngir ma
Yégal jaam ñi nee, dinañu leen goreeel,
Yégal gumba yi ne, dinañu gis,
Te jot ñi ñu noot,
Tey jégle atum yiiw,
Mi jóge ci Boroom bi".

Yonent Yálla Esayi saar 61 aaya 1-2

Iu bari iu desoon ci dàmmiti moduru. Waaye mbuga ma yemale sa waxtaan wi ci nam wi ci kaw suul. Deedeet, dama leen di artu ndaxte ngeen moytu njàngaleem Farisiya ya ak Saduseen ya ñiy jëndante ak jaayante ak diine.

Seen màggal amul ben njériñ, ci li ñuy jangale dénkaanay nit kese. Don ñuy dëddu ndigale Yàlla jubbu ci aaday nit.

Moytuleen ñi mbuubboo turu yonent. Dañuy ñew ci yeen, yor melow xar, waaye ci biir ay bukki yu susor lañu. Seytaane mooy seem baay, te bëg ngeen di bëg-bëgam ngeen di bëgg di def. Bookat la masa doon. Buy fen, dëppo na ak jikoo, ndaxte feenkook la, te ci moom la fen soqikoo.

Ñi di naxaate te def seen boop ñi leen di atte maangi leen di wax ne: Atte bu Yálla daan na leen yeen ñiy jiite den te diko jangale, yeen naaféeq yi! Digéen torox! Ndaxte yéena ngi tëj nguru Yálla Aji Kawe ji ci kanamu nit ñi; yeen dungeen ci dugg, te dungeen báyyi nit ñ bëgga dugg, ñu dugg ci. Yeena ngi lekk alaalu jigéen, ñi seeni jékkér faatu, di ñaan Yálla ay ñaani ngistal yu gudd. Seem mbugal dina gëna tar.

Yeena ngi wér géej ak suuf, ngir sákku ben taalibe, ba nopppi ngeen def ko nitu safara ku leen yees ñaari yoon.

Yee na ngi naan: " Kér Yálla gi amul njériñ. Yeen ñi dof te gumba – Lan mo gëna mágg sarax si, walla bérubu rendi kaay bi tax sarax si sell? Ku giñe bérabu rendikaay bi, giñ ga ci rendikaay ak li ci kawam lépp. Ku giñe kér Yálla gi, giñ nga ci tur kér Yálla ak ci ki ci dëkk. Ku giñ ci asamaan, giñ nga ci jalú Buur Yálla ak ci ki ci toog.

Yeena ngi sakk asaka ci naana ak a nette ak kumin, te sággáne yi gën na mag ci yoon wi maaman njub, yérmande ak gëm. Loolu ngeen wara def muy seen yite.

Yeena ngi segg wallax-njaan, tey wonn giléem. Yeena ngi setal bitib kaas bi ak ndab li, waaye ci biir dafa fees ak càcc ak èppal. Gumba yi ngeen doon! Jékkleena setal biir kaas ak ndab li, ngir biti itam set.

Yeen xudbakat yi bon yi! Naaféq yi, yeena ngi mel ni bámmeel yu ñu weexal. Ci biti am nañu melo wu rafet, waaye ci biir dañoo fees ak yax xi ñi dee, ak tilim tilim yu nek. Yeen itam ci ngistal daagneena mel ni ñu jub, waaye ci seem biir dangeen fees ak naaféq ak lu bon. Nan nga mëne gëme yaaw miy dunde ñaani say moroom, te doo wut mukk ñaam yi jém fa Yálla moom rekk?

Yeena ngi tabax xabru yonent yi, tey rafetal bámmeelu ñu jub ñi. Te yeena ngi wax ne: Bu nu fekke woon sunuy jamanoy maam, duñu ánd ak ñoom ciy tuur deretu yonnent yi.

Seede ngeen nii ne, yey ngeen seen bopp, te yeenay doomí ñi rey yonent yi. Yeen ñi mel ni ay jaan, te fees ak dangar naka ngeen di mucé ci mbegalu safara?

Artu na leen: Maa ngi leen koy wax, ñu bare dinañu ñëw, jóge ci penku ak soowu, bokk lekk ak Ibrahim ak Isaaxa ak Yanxóoba ci nguru Yálla Aji Kawe ji. Waaye ñi waroona bokk ca nguur ga, dees na leen sànni ci biti ci lëndem gi. Bu seen njubte ëppul njubteb xudbakat ya ak ñay mbuboo diine dungeen tàbbi mukk ci nguuri Yálla Aji Kawe ji.

LEER GIY LEERAL ÀDDINA SI

Ni ag leer laa wàcce di àddina, ngir ku ma gëm du des ci lëndëm gi. Man maay leeru àddina si. Ku ma topp doo dox cig lëndem, waaye dinga am leeru dund. (1)

Ci nii la àtte bi ame: Leer gi ñëw na ci àddina si, waaye nit ñi lëndem gi lañu taamu ndax seeni jëf yu bon. Képp kuy def lu bon day bañ leer gi te du ci ñëw, ndax ragal ay jëfam feeñ bëccegu ndarakàmm. Waaye ku def lu jub day ñew ci leer gi, ngir ñu xam ne, def na ay jëfam ci kanumu Yálla. (2)

Bu njëk dem ngeen ca àll ga ngir seetu seeti yonnent Yálla Yaxya. Mood seede dëgg gi. Meloon na làmp buy tàkk tey leeral, te nangu ngeena bánneexu ab diir ci leram.

Waaye yor na ci man seede, si gëna mag seede si ma Yaxya di seedeel: Maa ngi def jëf yu ma Baay bi sant. Jëf yooyu may def nag ñooy seede ne, Baay bi moo ma yónni.

Su ma deful sam jëfi Baay, buleen ma gëm; waaye su ma ko defee, bu ngeen ma ngëmul sax, gëmleon boog samay jëf, ngir ngeen xam te nangu ne, maa ngi nekk ci Baay bi te Baay bi nek na ci man. Bëccëg lanu wara matal jëfi ki ma yónni: Guddi dina ñëwi, goo xam ne, keen du ci mana liggeeey. (3)

Bët mooy lámpu yaraam. Bu sa bëtt wéree, kon sa yaram wépp leer, waaye bu sa bët woppe, kon sa yaram lëndëm. Leer gi nekk ci yaw, bu nekke lëndëm , na ka la lëndëm googu di këruus (4)

Xanaa du bëccëg fukki waxtu ak ñaar la? Kuy dox bëccëg, du kaqastalu, ndaxte day gis leeru àddina si. Waaye kuy dox guddi, dina faqastalu, ndaxte leer gi nekkul ci moom. Kon ci bi ngeen dee am leem gi, gëmleenko, ngir ngeen "doon doomi leer". Doxleem, ci ngeen dee am leer gi, ngir lëndëm bañ leena bett. Ndaxte kuy dox ci lëndëm doo xam foo jëm. Bu gumba dee wommant moroomam nag, kon dinañu daanu ñoom ñaar ci kàmb. (5)

Kenn du taal làmp, dëpp ci leget, walla mi di ko def ci ron lal Daf koy wèkk ngir mu leeral ñiy dugg. Te iit duñu taal làmp dëp ci leket, waaye dañu koy wékk, ba muy leeral ñi nekk ci kér gi ñëpp. Xanaa xamoo ne yeen di leeru àddina? Da ngeena mel ni dëkk bu nekk ci kaw tund, du mana nëbbu. Na sen leer leere noonu ci kanumi nit ñi, ndax nit ñi gis seen jëf yu rafet, te mággal seen Baay bi ci kaw. Amul dara luy kumpa lu ñu dul siwal bés, wallu lu làqui lu ñu dul feeñal, bu ne

Nit kiy wax ci coobereem nag, day wuta màggal boppam, waaye kiy wuta màggal kiko yónni, dëgg rekk lay wax te jubediwul fen. (4)

Ñéwaluma sam bopp, waaye ki ma yónni, ku wóor la ndaxte wáccewuma ci asaamaa ngir def sama bëgg-bëgg waaye damay matal bëgg-bëgg ki ma yónni. Li moo tax ma juddu, ñëw áddina: Ngir wax dëgg gi. Ku book ci dëgg gi dina nangu li ma wax. (5)

Man ak Baay bi benn lanu. Man damaa ñëw, ngir nit ñi am dung, ba neek ci naataange. (6)
May na ma bepp sañ-sañ muy ci asaamaan ak ci suuf. Dama leen di jox dung gu dul jeex, caabiy nguuru addina ak sañ-sañ buy noot dooley seytane kon na seen xel dal te bu leen raggal dara.
Jàmm la leen bàyyell. Sama jàmm laa leen jox, jàm ju áddina mënula joxe. Dingem xam dëg gi leen di goreel. Kon nag bu leen doom ji defee gor, dingeen doon ay gor ci lu wér, wax na leen loolu ngir ngeen bokk ci sama mbég, te seen bos mat sëkk. (7)

Lii mooy bëgg-bëgg Baay bi: Képp ki gis Doom ji te gëm ko, am dund gu dul jeex, te bés bu mujj ba, diina ki dekkal! Ndax gëm nga Doomu nit ki? Mooy kiy wax ak yaw. (8)

KÀDDUG DUND GI

Waxuma ci sama coobare, waaye Baay bi ma yónni ci boppam, moo ma sant li ma ware wax ak li ma war jàngale. Te xam na ne li muy santaane day joxe dund gu dul jeex. Kon li ma wax, dama koy wax, ni ma koo Baay bi sante. (1)

Kàddu yii may wax nag, jògewul ci man, waaye ñu ngi soqikoo ci Baay bi ma yónni. Ku dégg sama kàddu tegëm nu ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tábbi ci dund. (2)

Dégguleen: Jamano dina ñëw agsi na ba noppi, mooy jamano, ju ñu dee ñi di dégg baatu Yàlla, te ku ko dégg dinka dund. (5)

Yeena ngi gëstu Mbind yi, ndaxte dangeen ce yaakaar dund gu dul jeex; te bëgguleena ñëw ci man ngir am ndund. (4)

Musuleena dégg baatam te musuleena gis xar-kanaman; te kàddoom saxul ci yeen, ndaxte gëmuleen ki ma yonni. (5)

Nu ngeen mana waxe ne "damay suufeel turu Yàlla ndax li ma ne Doomam laa," man mi Yàlla tam yònni ma ci àddina. (6)

Maa ngi leen wax ne: Man maay yoon wi, dëgg gi ak dung gi. Kenn du ñëw ci Baay bi te jaarul ci man. Xellu Yàlla mi, mooy joxe dung gi; ñam wi jériñul dara. Kàddu yi ma leen wax, ci xelum Yàlla lañu jóge te ñooy joxe dung gi. (7)

Lu ngeen xalaat ci Almasi bi: Kan la nekk sëtam? (1)

Ken mënula xam, man Doom ji, ku dul Baay bi; ken it mënula xam Baay bi, ku dul man Doom ji, ak ku ma ko bëgga xamal. Man xam naa ko, ndaxte ca moom la jóge, te itam moo ma yónni. (2)

Ki ma yónni ngi ànd ak mam; musu maa báyyi ma wéet, ndaxte liko neex laay def. Te nag, ku ma gis, gis nga Baay, kon nag nan nga may laaje, naan: " Won nu Baay bi?" Ndax xamuloo ne maa ngi ci Baay bi te Baay baa ngi ci man?

Man ak Baay bi been lanu. Lépp lu Baay bi am, maa ko moom. Jóge na ca Baay bi, ñëw àdddina. Léegi maa ngi génn àddina, fekki Baay bi. (4)

Doom ji mënula def dara moon ci boppam, li mu gis Baay di def rekk lay def. Baay bi bëgg na Doom ji, ba di ko won lépp lu moy def, te dina ko won jëf yu ëpp kéemaan yii, ngir ngeen gëna waaru. Maanaam, ni Baay bi di dekkale ñu dee ñi, di leen jox ndund gi, noonu la Doom ji di joxe dund gi ñi mu ko bëgga jox. (5)

Baa léegi mënuma def dara ci sama bopp. Ni ma Baay bi di dígale rekk lay àttee, te sama àttee bu jub la, ndaxte defuna sama bëgg-bëgg, ci waax ki ma yónni rekk laay aw. Ni Baay bi ame dung gi moom ci boppam, noonu iit lako maye Doom ji, mu am ko ci boppam. Jox na Doom ji itam sañ-sañ àttee, ndaxte mooy Alma si bi, di Doomu nit ki. (6)

Li ma leen waxoon ca njalbeen ga: Li ma mëna wax ci yeen bo átte leen bari na, waaye ki ma yónni, ku wóor la, te li mu ma wax rekk laay jottali àddina. (7)

Bu ngeen yekkatee Doomu nit ki, dingeen xam ne, Maay ki nekk. Di ngeen xam ne iit, duma def dara man ci sama bopp. Li ma Baay biy jángal rekk laay wax. (8)

SÀMM BU BAAX BI

Buleen ragal dara, yeen coggal ju ndaw ji, ndaxte dafa soob seen Baay, mu jagleel leen nguuram. (1)

Man maay sàmm bu baax bi. Ni ma xame Baay bi, te Baay bi xame ma ni, noonu la xame samay xar te ñoom it noonu lañu ma xame. Te it kat, dina joxe sam bákkan ngir xar yi. Samay xar dina ñu dégg sama baat; xam na leen te ñu ngiy may topp. Dama leen di jox ndund gu dul jeex; duñu sàñku mukk, te kenn du leen jëlee ci sama lox. Sama Baay bi ma leen jox moo génna mag lépp, te kenn mënula jële dara ci loxob Baay bi.

waaye moomui xar yi bu seenee bukki, day daw, bayyi la xar ya. Bu ko delee, bukki da dai ca xar coggál ga, jápp ca, tasaare ya ca des. (4)

Man maay bunt gétt gi, ku jaar feneen fu dul ci buntu gétt gi, kooki sàcc la, saay-saay la. Ni ma fi jiitú ñépp ay sàcc lañu, ak ay saay-saay; waaye xar yi dégluwuñu leen. Man maay bunt bi, ku jaar ci man, dinga mucc, dinga mëna dugg ak génn, dinga am mbooy goo mana fore. (5)

Addina si defa feés deèl ak lu bon, dee ak yaqute; man dama ñew ngir nit ñit am dund, ba nekk ci nataange. (6)

DUNDU RUU

Mbind mi nee na: Nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu, gu génne ci gémmiñug Yàlla. (1)

Man maay ñam wiy joxe dung gi. Ku ñew ci man, doo xiif mukk; te kku ma gëm, doo mr. Dekkil! Japp leen ñam wiy dund te wàcce ca asamaan. Ku lekk ci ñam wii, dinga dund ba fàww. Te it ñam wi may joxeji, sama yarám la; dama koy joxe ngir àddina mana dung.

Buleen líggéyal ñam wuy yaqu! Li gen mooy ñam wu sax abadan tey joxe dund gu dul jeex. Ñam woowué, Doomu nit ki dina leen ko jox, ndaxte moom la Yàlla Baay bi tånn, mu nekk ndawam. (3)

Dégg ngeen ne sunuy maam dunde nañu mànn ci ál ba, teewul dee nañu. Du Musaa leen jox ñam woowu wàcce ca asamaan; sama Baay ci boppam, moo leen di jox ñam wu wóorm wi wácee ca asamaan tey jox áddina si dung gi. (4)

Soo xamoon li Yàlla maye, xam ki lay ñaan ndox, kon yaw ci sa bop, yaa koy ñaan doxum dund; ku naan ci doxum teen bii, balaa yàgg mu maraat, waaye ndox, mi may joxe, ku ci naam du marati mukk , ndaxte day nekk ci moom bëtu ndox, buy ball, di joxe ndund gu dul jeex. (5)

Ndax danga mar? Ku mar, na ñew ci man, ku ma gëm na naan! Ndaxte Mbind mi nee na: Ndox mu bare muy dundale dina xelle ci dënnam (6)

NGUUR YÀLLA GI

Ci li dale ci jamanoy Yaxya ba léegi; nit ñaa ngi góor-góor lu ngir dugg ci nguuru Yàlla, te ñi sawar ñoo ci am wàll. (1)

Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni nit ku ji jiwu wu baax ci toolam. Waaye bi nit ñi di nelaw, noonam ñew , ji jëmb ci biir dugub ji, daldi dem. Bi dugub ji saxee nag, jëmb bi saxaale ak moom. Noonu surgay boroom kér ga ñew ci moom, ne ko: Góor gi, xanaa jiwuloo ji wu baax ci sa tool? Fu jëmb bi jóge nag? Waaye mu tontu leen: Noon a ko def. Surga ya nee ko: Ndax ñu dem dindi ko? Waaye mu tontu leen: Déedéet, ngir baña budiwaale dugub ji, bu ngeen koy dindi. Bàyyleen ñoom ñaar, ñu màgg, ba ngóob ma jot. Bu ngóob ma jotee nag dina wax ñi koy góog: Njëkleena dindi jém bi, takk ko ay say, lakk ko, waaye ngeen semb dugub ji ci sama sàq.

Doomu nit ki mooy ji wu baax wi; àddina mooy tool bi; ñi bokk ci nguuru Yàlla ñoo di ji wu baax wi; ñi bokk ci Iblis ñooy jëmb bi. Seytaane mooy noon bi ko ji tukkitel àddina mooy ngóob mi, ta malaaka yi ñooy góokat yi. Ni ñu dajalee jemb ba, lakk ko, noonu lay nekke, bu àddina tukkee. Doomu nit ki dina yebal ay malaakaam ñu jèle ci nguuram lépp luy yóbbe nit bàkkar, ak ñiy def bàkkar, sánni leen ci safara, foofa dees na fa jooy te yéyu. Booba nag ñu jub ñi dinañu leer ni jant bi ci seen nguuru Baay.

Déggul bu baax, yaw mi am ay nopp. Réew mu xees boppam tas, te dëkk mbaa ker guy xeex boopam du mana yàgg. Bu Seytaane dàqee seytaane nag, xeex na boppam; kon naka la nguuram di mana yàggee? Te it, bu fekkee ne man damay dàq ay rab ci kàttanu Seytaane, seeni taalibe nag, ci gan kàttan lañu leen di daqee? Kon ñoo leen di àtte. Waaye bu fekkee ne, ci xelum Yàlla laay dàqe rab, kon nguuru Yàlla agsi na ba ci yeen. (3)

Xana musuleen jàng lii ci Mbind yi: " Doj wi tabaxkat y sànni; mujj na doon doju koñ; ci Boroom bi la loolu jóge, te yeemu nanu ci."

Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, dinañu leen xañ nguuru Yàlla, dénk ko xeet wuy def ay jéfam. (4)

Ci dëgg maa ngi leen koy wax, lépp dees na ko baal nit ñi, muy bákkaar, muy sosal Yàlla wu mu mana doon. Waaye kuy sosal Xel mu sell mi, deesu ko baal muk; gàddu na bakkkaar ba fàw.

Juutikat yi ak jígéen moykat yi ñoo leen di jékka dug ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Ndaxte Yaxya ñëwna ci yeen ci yoonu njub, te gémuleen ko, waaye juutikat yi aj jígéeni moykat yi gém nañu ko.

Te gannaaw bi ngeen gisee loolu, seen xel soppikiwul sax, ba ngeen gém ko. (5)

Du képp ku may wax: Boroom bi, Boroom bi mooy dugg ca nguuru Yàlla Aji Kaww ji, ka cág dugg mooy kiy def samag coobareg Baay bi nekk ci kaw.

Jamano dina ñew, ju boroom kér gi di jòg, tég buntam. Di ngeen nekk ci biti di fèg naan: " Ubil nu".

ay surgaam, batale leen alalam ku nekk lu mu attan. Ken ka mu denk ko juroomi jumii, keneen ka mu denk ko ñaar, ka ca des, ben: Daldi tukki. Bi mu demee nag, ki jot juróomi june ya dem, di ci juula, ba amaat yeneen ñaar. Waaye ki ji j ot benn june, gas pax, nëb fa xaaliisu njatigeem, ngir bañ sàcc yi jël ko.

Ganaaw diir bu yàgg njaatigeb surga ya dellusi, daldi leen laaj alalam. Noonu ki jot juróom june ind yeneen juróom, naan: " Kili fa gi, dénk nga ma juróomi june, seetal am na ci yeneen ñaar. Njaatigeem ne ko: Def nga lu baax, surga bu baax nag te takku. Gannaaw takku nga ci lu tuuti, dinaa la dénk la bare. Kaay bokk ci sama mbég.

Gannaaw loolu nag, ki jot june jegeñsi, ne ko: Kilifa gi, xamoon naa ne m nit ku néeg nga, dangay dajale foo jiwul, tey góob foo faruwul. Moo tax ma ragaloon la, ba dem nëbb sa xaaliis ci biir suuf; mu ngii fabal li nga moom.

Waaye njaatigeem tontu ko: Surga bu bon nga te taayeel. Gaannaaw xamoom nga ne, damay dajale fu ma jiwul, tey góob fu ma faruwul, kon waroon ngaa yóbbu ca deñckati xaaliis ya.

Bés bu ma ñewwee nag, na mana jot li ma moom ak li mu jur. Noonu, njatigee bi nee: Nanguleen xaalis bi ci moom, jox ko boroom fukki juni yi. Ndaxte ku am dinañu la dólli ba nga barele, waaye ku amul, li nga am as néew sax, di nañu li nangu. Te sànnileen surga bu amul njérin bi ci biti ci lëndem gi. Foofa dees na fa jooy te yéyu. (8)

Beneen léep biy misaal nguuru Yàlla ngii: Noonu benni boroom kér génnoon na ab suba teel ngir jël ay liggéeykat ndax toolut réseñam. Mu juboo ak liggéeykat ya ci bëccëg posetu denaryon, door leena yabal ca toolam. Ci yoor-yoor nu géenn, gis ñeneen ñu toog ca pénc ma ta liggéeyuñu. Mu ne leen: Demleen yeen itam ca tool ba, te dinaa leen Fey lu jáadu. Nu dem ca. Mu génnaat ci digg-bëccëg ak ci takusaam defaat noonu. Mu génnati ci tàkkusaan, gis ñeneen di tendeefal mu ne leen; Lu tax ngéen yendoo tendeefal, te liggéeyiwuleen? Nu tonto ke: Kenn jëlu ñu. Mu ne leen: Demleen yeen itam ca tool ba.

Bi nga xamee ne timis jot na, boroom tool ba ne jawriñ ja: Woowla liíggéeykat yi te Fey leen seen bëccef, támbale ci ñi mujja ñew, ba ci ñi fi njëkk. Noonu ñi mu jël ci takusaam ñëw, yaakaar ne dinañu jot lu ëpp loolu, waaye ñoom itam ñu jot ku nekk ben denaryon. Bi ñu ko jotee nag, ñu tambalee ñaaxtu ca boroom kér ga naan: Ñi mujja ñëw, benn waxtu rekk lanu liggéey, ba noppi nga yemale leen ak nuun, ñi yenu coonob bëccegg bi ak naaj wu metti wi. Waaye boroom kér ga tontu ken ci ñoom ne ko: Sama waay tooñuma la. Ndax juboowunu woon ci ben denariyon? Kon fabal li nga moom te dem. Su ma bëgge Fey ku mujja ñëw, li ma la Fey yaw, ndax sañumaa def ak sama alal li ma neex? Walla ndax danga am kiñaam ci la yéwém? Noonu, ñi mujj ñooy jiitu, ñi jiitu ñooy mujj. (9)

Nguuru Yalla Aji kawé ji, dafa mel ni doom rudden, bu nit jer ji ko ci toolam. Doomu rudden moo gëna tuuti ci jiwu jépp waaye bu saxee, mooy sut ci gañcaxi tóokeer yi, di nekk garag bu kawe. Ba picci asamaan ñew tággi ciy caram. Dafa mel itam ni lawiir bu ñu jaxase ak fariñ, ba tooyal bép di funki. (13)

Ci jeexalit Nguuru Yalla Aji kawé ji dafa mel ni mbaal mu ñu wàcce ci géej mu jápp jén wu nekk. Bi mbaal mi feese nag, ñu ñoddi ki tefes gi, ba noppí ñu taxaw, dajale yu baax yi ciy ndab, waaye sànni yi bon. Noonu laya mel, bu àddina tukkee. Malaaka yi dinañu génn, tánn ñu bon ñi ci biir ñu jub ñi, sànni leen ci safara. Foofa dees na fa jooy te yéyu. (14)
Ba ma leen yebalee te yóbbalewumaleen woon xaalis, mbuus walla dàll, ndax ñakkoon ngéen dara? Buleen jaaxle nag ngir ñellég, ndaxte ñellég dina topptoo boppam. Bés bu nekk, coonoom doy nako. Ana kan ci yeen ci kaw njaaxlem moo mana yokk waxtu ci àppam? (15)
Seetleen picci asamaan: Duñu ji, duñu góob, duñu denc ci sàq; teewul seen Baay bi ci kaw moo leen di dundal. Ndax èppuleen maana picc yi ci lu bare? (16)

Ñaari picci rammatu, ndax duñu ko jaaay ci dërëm? Waaye benn ci ñoom du daanu ci suuf te soobul seen Baay! Seen kawari bopp sax, waññees na leen. Kon bulen ragal dara, yéena gëm ndiiraanu rammatu. (17)

Lu tax ngeen di jaaxle ngir koddaway? Seetleen bu baax ni tóor-tóor ñax ni saxe ci tool yi. Duñu ècc, waaye maa ngi leen di wa ne, Suleymaan sax ci ndaman, soluwul woon ni benn ci ñoom. Yeen ñi néew ngém! Bu Yalla woddee nii ñaxum tool yi, miy sax tey teu suba ñu def ki taal bi, ndax du leen gëna wodd? Buleen jaaxle nag, di wax ne: Lu nu wara lekk? Lu nu wara naam? Wala, lu nu wara sol? Ndaxte loolu lépp, ñi xamul Yalla ñoo koy wuut. Te seen Baay, bi nekk ci kaw, xam na ne am ngeem soxla ci loolu lépp. Waaye jékkleena wut nguuram ak njubteem, te loolu lépp dina leen ki dollil. (18)

NDIGALU BUUR BI

Ndigal bii moo gëna màff ci ndigal yi: Nanga bëgg Yalla sa Boroom ak sa xol bépp ak sa bakkan bépp, sa xol mépp ak sa kàttan gépp. (1)

Te ñaareel bi, muy bi ci topp, lii la : Nanga bëgg sa moroom, ni na bëgge sa bopp. (2)

Sama ndigal mooy ngeen bëggante ni ma leen bëggée! Ndigal yii ñooo sut yépp. Genn mbeggeel mënula weesu joxe sa bakkán ngir say xarit. (3)
Ku tebbi nag ba gëna tuuti ci ndigal yi, te ngay jángal nit ñi noonu, dees na la tudde ki gëna tuuti ci nguuru Yalla Aji kawé ji. Waaye ku leen di sámm, dileen digle, dees na la tudde ku mag ci nguru Yalla Aji kawé ji. Wax naa leen loolum ngir ngeen bokk ci sam mbég, te seen bos mat sëk. (4)

moom, te dekk ci moom. (6)

Baay bi ci boppam bëgg na leen. Bëgg na leen ndaxte bëgg ngeen ma, te gëm ngeen ne ci Yàlla la jòge. Saxleen ci mbëggeel googu ma am ci yeen. Bu ngeem toppee samay ndigali Baay, ba tax ma sax ci mbëggeelam. (7)

Dafa amoon nit ku jòge woon Yérusalem jém Yériko. Ay sàcc dogale ko, futti ko, dóor ko ba mu bëgga dee, dem bayyi ko fa. Faf ab sériñ jaar ca yoon wa, seén nit ka, teggi. Ben waay it, bu soqikoo ci giiru léwi, aw ca bérab booba, seém waaja, teggi. Waaye ben waay bu dëkk Samari bu doon tukki, ñew ba jege waa ja, gis ko, yérëm ko. Noonu mu ñew, diw ki diwlin ak biiñ ngir faj gaañu-gaañu ya, laxas ko ay cér, gannaaw loolu mu teg ko ci mbaamam, yóbbu ci fanaanukaay, di ko topptoo. Bi bët setee, nu géne ñaari poseti xaalis, jox ko boroom kér ga, ne ko: " Nanga topptoo nit kooku. Bés bu ma fi jaaraate, dinaa la fey, man ci sama bopp, lépp l ci dolli ci xaalis. An kan ci ñett ñooñu moo jëfe ni kuy jëme ci moroomam, ba ñu gisee nit ka sàcc ya dogale woon?

Demal tey def jëf yu baax ni waaay jooju dëkk Samari. (8)

ÑEENTEELU XAAJ

NJÁNG YU MAG YI

Njangale mu bees mi

Képp du dégg nag lii ma leen wax mel ni nit ju am xel, ku tabax këeram, samp ko ciw doj. (1)

Ba nu noppee, taw bi daldi sóob, wal mi ñew, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kér ga; waaye màbbul, ndaxte mu ngi jàpp ca doj wa. Waaye képp ku dégg lii ma leen wax, te jefewuloo ko, dinga mel ni ju ñakk xel, ku tabax këram ci gànnuus bi. Ba mu noppee, taw bi daldi daldi sóob, wel mi ñew, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kér ga, mu màbb, ba ne tasar. (2)

Da fa amoon ñaari nit yu dem ca kér Yàlla ga, di ñaan. Ken ki ab Farisiya la, ki ci des juutikat. Farisiya baa nga taxaw, di ñaan ci xelam naan: Yaw Yàlla ga, maa ngi lay sant ci li ma melul ni ñeeneen ñiy sàcc, di def lu jubadi te di njaaloo, rawatina juutikat bii. Ayu – bés gu nekk damay woor ñaari yoon, di joxe asaka ci lépp lu ma wuut.

Waaye juukikat ba moom, ma nga fu sore , ca gannaaw, ci biir kér Yàlla ga, te bëggula siggi sax xool ca asamaam sa. Waaye ma ngay fëgg dën nam te naam: Yaw Yàlla, yérëm ma man miy bàkkaarkat.

Dina am jamano jo xam ne, du ci tund wala du ci Yérusalem ngeen di jaamoo Baay bi. Nun yaawut yi, xam nanu li nuy jaamu, ndaxte kiy musal àddina ci Yawuut la joge. Gëmal lii: Jamanoo dina ñëw, te agsi na ba noppi ñiy jaamu Yàlla Baay bi dunu seet ci tund bii wale ci bale. Te kenn du ne mu ngii wale wale mu nga fale.

Jaamu kat Yàlla yi dëgg dinañu jaamu Baay bi ci xel ak ci dëgg. Ñooñu nag, ñooy jaamu Baay bi, ni mu ko bëggee. Noonu, bu ñu noppee ñoom, doj yi yaacu. (5)

Ndax njaguleen la Dawuda defoon, ba mu xiifee moom ak ña mu àndaloон? Xanaa yéguleen ni mu dugge woon ci kér Yàlla ga, gis fa mburu ya ñu njébbal Yàlla, nu daldi ko lekk. Fekk loolu jaaduwul mu lekk ca moom walla ña mu àndaloон ci yoonu Musaa.

Te it ndax jánguleen ci yoonu Musaa, ne sëriñ sa ca kér Yàlla ga teraluñu bésu noflaay bi, te tooñuñu. Waaye ma ngi leen koy wax, am na ci seen biir ku sut kér Yàlla ga. Mbind mi nee na: Yérmande la bëgg, waaye du rendi saraxi mala. Su ngeen xamoon lu wax joóju tekki, kon dungeen teg tooñ ñi tooñul. Ndaxte Doomi nit ki mooy boroom bésu noflaay bi.

Ku fi amoom jur, mu daanu ci kámb ci bésu noflaay bi, ndax doo ki jàpp, génne ko? Nit nag, ndax ëppul maana mala? Bu ngeen mane xarafal nit bésu noflaay bi, ngir baña wàcc yoonu Musaa, lu tax nag ngeen mere ma, ndax li ma ci wéral nitu lëmm?

Bàyyileen di àtte ci ningeen di gise, te di atte dëgg. Bésu noflaay bi, den leen ko jagleel, waaye atte ma taxa ñëw ci àddina; ngir ñi gumba gis, ñiy gis gumba. (7)

XIIWËL YI

Ki barkeel mooy kiy degu kàddug Yàlla te di ko topp (1)

Bu njaatigeem ñëwee, te gis tuy def noonu, surga boobu dina am ngërëm. (2)

Yeen ñi xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla, barkeel ngeen,
Ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji yeena ko yellow.
Yeen ñi nekk ci naqar, barkeel ngeen, ndax dees na dëfal seen xol.
Yeen ñi lewet, barkeel ngeen, ndax dingeen don àddina si.
Yeen ñi xiif te mar njub, barkeel ngeen, ndax dees na leen yérëm.
Yeen ñi am xol bu sell, barkeel ngeen, ndax dingeen gis Yàlla.
Yeen ñiy wuut jàmm, barkeel ngeen dees na leen tudde doomi Yàlla.
Yeen ñi ñu fitnaal ndax seen njub, barkeel ngeen, ndaxte nguuru Yàlla Aji kawe ji, yeena ko yellow.
Barkeel ngeen, bu ñu leen di saaga, di leen fitnal, di leen sosal lépp lu bon ngir man. Bégleen te
bànneexu, ndax seen yool dina réy laaxira. Ndaxte noonu lañu daan fitnaale yonent yi fi jiit. (3)

Dem nga seeti sa xariit ci xaaju guddi, ne ko: Xariit lebal ma ñetti mburu. Dafa am sama xariit bu ma ganesi, te awuma dara lu ma ko jox.

Waaye kooku nekk ci biir néegam, dina ko tontu ne: Bu ma lakkel, tēj naa bunt bi ba noppipi. Te tēd man ak sam njaboot; mēnuma jóg dina la jox dara. Maa ngi leen koy wax, su jógel jox ko li muy laaj ndax li ñu xaaritoo it, ndax la kee ñak jom dina tax mu jox ko lépp li mu soxla. Moo tax ma ne: Ñaan leen, ñu may leen. Ndaxte képp kuy ñaan, dinga am; kuy seet, dinga gis, kuy fëgg, ñu ubbil la. (2)

Dafa amoon cib dëkk, benn áttekat bu ragalul Yàlla te faalewul mbindeef. Amoon na itam ca dëkk ba jigéen bu jëkkëram faatu ju daan faral di ñëw ci moom, ñaan ko.

Attekat ba bañ lu yàgg, waaye am bés mu ne ci xelam: Raguluma Yàlla te faalewuuma mbindeef, waaye jigéen jii sonal na ma. Kon dina ko àtte, ngir mu bañata ñëw di ma sonal, di ma réy ak ay wax.

Ndax Yàlla du àtte njub mbooloom mi mu tànn te ñu koy ñaam wall guddi ak böccëg? Ndax dina leen xaarlo? Maa ngi leen koy wax, dina leen àtte ju ci lu gaaw. Waaye bu Ràmmukat bi di Almasi bi te di Doomu nit ki ñëwee, ndax dina fekk ngëm ci àddina si? (3)

Te iit bu ngeen di ñaan, buleen bareel wax amul njériñ, mel ni ñi xamul Yàlla. Ñoom defe nañu ne, Yàlla dina leen nangul ndax seen wax ju bare. Buleen nirook ñoom, ndaxte seen Baay xam na seeni soxla, laata ngeen ko koy wax. (4)

Yonent Yàlla Esayi bind na ne: " Sama kér dinañu ko woowe këru ñaan ci Yàlla. (5)

Bu ngeen di ñaan Yàlla, lépp lu ngeen ko mana laaj, gëm leen ne jot ngeen ko, te dingien ko am. Bu ngeen saxe ci man te saxal samay gádu ci seen xol, lu ngeen ñaan mu nangu . (6)

Yeen nag nii ngeen ware ñaane:
Sunu Baay bi ci nekk ci kaw,
 Na sa tur sell,
 Na sa` nguur ñëw,
Na sa coobare am ci suuf mel ni ci kaw
 May ñu tey li ñu ware dunde;
 Te Baal ñu sunnuy tooñ;
Bu nu teg ci yoonu náttu, waaye nga
 musal nu ci lu bon.
 Ndaxte yaw yaa yellowo nguur gi
Ak màggay yi bo fàww. Amiin. (7)

Noonu miskin ma faatu, malakaa yi yóbbu ki ca wet Ibrahima. Boroom alal ja itam dee, ñu suul ko. Bi ñu koy mbugal ca safara, nu séen fu sore Ibrahima ak Lasar ci wetam. Noonu mu yuuxu ne: Maam Ibrahima, yérém ma! Yebalal Lasar, mu sëp catal baaraaman ci ndox, seralal ma sam làmmiñ, ndaxte maa ngi sonn lool ci safara sii! Ibrahima ne ko: Sama doom, fáttalikul ne, jot nga sa bânnex ci àddina, fekk Lasar dëkk ci tiis. Loolu tax xolam sedd fii, yaw nag, ngay sonn. Rax - dolli it ma na kàm gu xóot sunu digante ak yeen ba tax ñi bëgga jóge fii jém ci yeen, walla ñi bëgga jóge foofu jëmsi ci nun, duñu ko man.

Noonu boroom alal ja ne: Kon nag, maa ngi lay ñaam nga yebal Lasar ca sama kér baay, ndaxte am naa fa juróomi rakk. Na leen artu ngir ñu baña ñëw ñoom itam ci bérabu mettit wii.

Ibrahima ne ko: Say doomu baay, ñu ngeek Yoonu Musaa ak téreey Yonent yi. Nañu leen déggal. Borom ala ja ne ko: Déedeet, maam Ibrahima waaye su kenn dekkee, dem ca ñoom, dinañu tuub seeni bâkkaaar. Waaye Ibrahima tontu koo ne: Su ñu dégluwul Musaa ak yonent yi, kon ku dekki sax, du tax ñu gëm. (2)

Te bu ngeen dee leble te yaakaar ci ndeloo, ban ngérém ngeen ciy am? Bâkkaarkat yi it dañuy lebal seeni moroom, ngir ñu dello leen ko. Képp ku la ñaan, may ko, te ku nangu say yëf, bu ko ko laaj. (3)

Ci dëgg ma ngi leen koy wax, li jigèen ju ñakk jee dugal ci defufaay bi moo ëpp maana alalu ñeneen ñi ñëp. Ñoom ñëp dañu sàkksu ci seen barele, waaye moom dafa sàkku ci néewleem, ba far ko joxe lépp, toog. (4)

Samay xarit, dugg ci nguuru Yàlla lu jafee ngoogu! Giléem jaar ci bën-bënu pusa, moo gëna yomb borom alal dugg ci nguuru Yàlla. Loolu tê na na nit, waaye tëwul Yàlla. (5)

Buleen dajale alal ci àddina, fu ko max ak xomaag di yàqe, ak fu sàcc di dugg, jot ko. Waaye dajaleen alal ci laaxira, fu ko max ak xomaag dul yaqe, ak fu sàcc dul dug jot ko. Ndaxte fu sa alal nekk, fa la sa xol nekk itam. (6)

Wottuleena def seeni jëf yu jub ci kanamu nit ñi, muy ngistal, lu ko moy, dungeen am yool ci seen Baay bi nekk ci kaw. Booy sàkk sarax nag, bul yeble ci sa kaman, ñu yéene la. Noonu la naaféq yi di def ca jàngu ya ak ca mbedd ya, ngir nit ñi màggal leen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. (7)

Booy sàkk sarax, bu sa loxob cámtooñ xam li sa loxob ndeyjoor di def, ngir sa sarax nekk kumpa. Noonu sa Baay bi dara umpul, dina la ko delloo. (8)

Mayeleen te dinañu leen may. Dinañu leen émbal matt bu baax bu ñu rokkas te yengal ko, mu fees bay tuuru. Ndaxte dees na leen nattal ak natt bi ngeen di nattale. (9)

Dafa amoomb waa ju bare alal, te ay toolam nangu lool, muy werante ci xelam naan: Nu ma wara def? Ndaxte amatuma fuma dajale sama ngóob mi. Noonu me ne: Nii laay def; daaneel sama saq yi,

NGEM LIY RANDAL AY TUND

Ñu bare dinañu ñëw, joge ci penku ak soowu, bokk lekk ci nguuru Yàlla Aji kawe ji. Waaye ñi waroona bokk ca nguur ga, dees na leen sànni ci biti, ci lëndëm gi. (2)

Bu ñaar ci yeen déggoo ci àddina, ngir ñaan lu mu mana doon, sama Baay bi nekk ci kaw dina leen ko may. Ndaxte fu ñaar walla ñetti nit boloo ci sama tur, naa ngi ci seen biir. (3)

Ñi ma gëm dinañu ànd ak firnde yii: Ci sama tur dinañu dàq rab yi, di wax làkk yu bees, di jàpp jaan ak seeni loxo, te buñu naane lu ñu tooke, du leen wàññi dara, je jàrag ju ñu teg loxo, mu wér.

(4)

Su ngeen ame ngëm gu tuuti niw peppu fuddën, kon dingeen ne tund wi: " Jóggel fii, toxu fale te dina fa dem."

Moo tax maa ngi leen koy wax, bu ngeen di ñaam Yàlla, lépp lu ngeen ko mana laaj, gëmleen ko, te dingeen ko am. (5)

Ci dëgg maa ngi leen koy wax, lépp lu ngeen yeew ci àddina dees na ko yeew ci asamaan, te lépp lu ngeen yiwi ci àddina dees na ko yiwi ci asamaan (6)

Gëmal rekk te baña tiit. Ku gëm man la lépp. (7)

TEEY, YËRMËNDE, AK BAALE

Waaye ki mgëggeelam néew dafa fekk ñu baal ko lu tuuti. (1)

Da fee amoon ñaari nit, ñu ameel bor been leblekat. Keen kaa ngi ko ameel téeméeri junni ci xaalis, ki ci des fukki juuni. Waaye kenn ci ñoom mënu ko fey. Noonu mu baal leen bor ya. Ci ñaar ñooñu nag, kam moo ko ciy gëna bëgg? (2)

Loolu moo tax nguuru Yàlla Aji kawe ji dafa mel ni buur bu bëgga waññ alalam ak ay jaraafam. Ba mu tàmbale waññ nag ñu indil buur ba ka ko ameel xaalis bu baree- bare. Waaye jaaraaf ja amu lu mu feye. Kon nag sangam santaane ñu jaay ko moom ak jabaram ak ay doomam ak lépp lu mu am, ngir fey bor ba.

Bi loolu ame jaraaf ja gém, gis benn moroomu jaraafam bu ko amel ay junni. Mu daldi ko jàpp, poñe ko, ne ko: Fey ma li nga ma ameel. Noona nag moroom ja daldi daanu cu suuf, ñaan ko ne:

kooka jox la alkaati ba, nu tej la. (4)

Te iit dégg ngeen ne, waxoon nañu: Bët, bët a koy fey, bëñ, bëñ a koy fey. Waaye man maa ngi leen di wax ne: Bu leen bañ ku leen def lu bon, waaye ku la pes ci sa lexu ndeyjoor, jox ko ba ca des. Ku la bëgga kalaame ngir jël sa turki, nga boole ca it sa mbub mu mag. Ku la ga ko yenul ko doxud ben kilomet, àndal ak moom ñaar. Mayal ku lay ñaan, te bul jox gannaaw ku lay leb. (5)

Te it bu ngeen di ñaan, fekk ngeen jáppal ken dara, baal leen ko ngir seen Baay ci kaw baal leen seeni tooñ, yeen itam. Bu la sa moroom tooñee, demal disoog moom ci pett. Bu la dëggloo, téг nga sa xarit boobu ci yoon. (6)

Su ngeen baalee ñi leen tooñ, seen Baay bi ci kaw dina leen baal seeni tooñ, yeen itam. (7)

DUND WIY MEÑÑ

Dingeen leen xàmmee ci seeni jëf. (1)

Yeena di xoromas àddina. Bu xorom si sàppee, nan lañu koy delloo cafkaam? Du jëriñati dara, lu du ñu sanni ko ci biti, nit ñi dox ci kawam.

Noonu garab gu baax gu nekk dina meññ doom yu neex, waaye garab gu bon dina meññ doom yu bon. Garab gu baax mënula meññ ludul doom yu neex. Garab gu nek, gu gul meññ doom yu neex, dees na ko gor, sànni ko ca safara sà. Ci seeni jef nag ngeen leen di xàmmee. (2)

Ab nit amoon na ci toolam garab bu ñu naan figg. Benn bés mu ñëw di ko raas si, fekku ci benn doom sax. Noonu mu ne surga ya: Netti at a ngii may ñëw di raas si garab gi te duma ci fekk dara. Gor ko, lu tax muy xatal tool bi? Surga ba tontu ko ne: Sàng bi, bàyyiwaat ko fi at mii. Dina wàqi taat wi, def ci tos. Xajna dina meññi. Bu ko deful nga gor ko. (3)

Liy feeñal sama ndamu Baay moo di gëna meññ tey wone noonu ne, samay taalibe ngeen.

Noonu nit ku baax, l u baax lay wax jëla ko ca fa mu denc lu baax, te nit ku bon lu bon lay wax, jële ko ca fa mu denc lu bon. (4)

Dafa amoon beyjat bu demoon jiyi. Bi muy saaw toolam nag, len ci pepp mi wadd ci kaw yoon wi, picci yi daldi ñëw, lekk ko lépp. Leneen ci pepp mi wadd ci bérab bu bare ay doj te néew suuf, mu daldi sax bu gaaw, ndaxte suuf si barewul. Waaye bi jant bi naajee mu lakk, wow, ndaxte amul ay reen. Leneen nag wodd ci biir ay xaaxaam, xaaxaam yi daldi jóg, tànç ko. Li ci des dal ci suuf su baax, nangu ba def ab gub. Lii àntu ba mat téeméeri yoon lu ép la mu ji woon, lii maat juróom benn fukk yoon, li ci des fanweer.

Kan ci yéen su amoon téeméeri xar, te benn réer ci, nooy def? Ndax doo báyyi ca perlukaay ba júroon fukki xar ya ak juróon ñeent, toppi ma réer, ba bis ko? Te boo kos gisee, dinga ko gàddu ak bànnex, yóbbu ko kér ga. Boo àgge ca kér ga, dinga woo say xarit ak say dékkandoo, ne leen: Kayleen baneexu ak man ndaxte gis na sama xar ma réeroon.

Maa ngi leen di wax lii: Ci noonule, dina am mbég ci asamaan, bu ben bàkkaarkat tuube ay bàkkaaram. (4)

Te, it bu jigéen dencoон fukki libidoor, ben réer ca, nu muy def? Ndax du taal ab làmp, bàle kér ga, seet fu nekk, ba gis ko? Bu ko gisee, dina woo ay xaritam ak ay dëkkandoom, ne leen: Kaayleen bànnexu ak mam, ndaxte gis naa sama alal ja réeroom, Maa ngi leen di wax lii: Ci noonule malakaay Yàlla yi di ame mbèg ci benn bàkkaarkat bu tuube ay bàkkaaram. (5)

ÑEENTELU XAAJ

WOOTE BI

Du yeena ma tànn, waaye man maa leen tànn, sas leen ngeen dem, meññ meññeef du sax. (1)

Ken nit amoon na ñaari doom. Am bés, nu ñëw ca taaw ba nee ko: Sama doom demal tey ligéeyi ca sama toolu réseñ. Taaw ba tontu ko nee : Maagi dem, baay; waaye demu ca. Gannaaw bi, baay bi ñew ca rákk ja wax ko noonu: Mu tontu ko nee: Bëgguma caa dem. Waaye gannaaw loolu, xelam soppikku, mu dem ca. An kan ci ñaari doom yooyu moo def coobareeg baayam?

Lu tax nga wooye ma: Ku baax ki? Yàlla rekk a baax. Xam nga ndigal yi: Bul bóom, bul njaloo, bul sàcc, bul seede lu dul dëgg, bu nangu alalu jambu, teralal sa ndey ak sa baay. Defal lii te dinga woomle ci asamaan. Demal jaay li nga am, may ko miskiin yi, boo noppee, nga ñëw topp ci man. (2) Ku bëgga aw ci samay tànk, na bàyyi boppam. Bàyyi sa bopp te topp ma. Koo xam ne, bëgg nga rawale sa bákkam, dinga ko ñakk, waaye ku ñakk sa bàkkan ngir man, jotaat ko.

Dafa amoon buur buy waajal céetu dooman ju góor. Noonu mu yónni ay surgaam, ngir ñu woo gan yi ca céet ga, waaye gan yi bëgguno ñëw. Kon mu yónni yeneen surga, ne leen: Bu ngeen demee, yégalleen gan gi sama woote bii, reer yi noppi na, reylu naa samay nag ak samay jur gu duuf, lépp sotti na, ñëwleen ci reer yi.

Waaye ba tey wuyuwuñu ko; ñu dem, kenn ki ca toolam, keeneen ki jaayaani, ña ca des jápp surga ya toroxal leen, rey leen.

Noonu buur mer, daldi yonni ay xarekatam, ngir ñu rey bóomkat yoyule, lakk seen dëkk. Ci kaw loolu nu ne surga ya: Reeri céet yi noppi na waaye ñi ñu woo, yeeyoowuñu ko; Dem leen nag bunt dëkk ba, woo ku ngeem fas gis ci reeri céet gi.

ba. Képp ku ma baay bi jox dina new ci man, te duma daq muk ki may fekksi. (5)

Ndax li ma ne, gis naa la ca ker garab ga, moo tax nga gëm? Dinga gis mbir yu gëna réy yi. (6)

Jaarleen ci bung bu xat bi, ndaxte bunt bi ak yoon wi jëm sánku yaatu nañu, te ñi ciy jaar bare.

Waaye buntu dundg gu wóor xat na, te yoon wi jëm kaw sew na, te ñi ko gis barewul. Defleen seen kem-kàttan, ngir dugg ci bunt bu xat bi, ndaxte maa ngi leen koy wax, ñu bare dinañu jéema dugg, waaye duñu ki man ndax dina fekk mu wees. (7)

DOON KU JÚDDUWAAT

Li ma ne: Fáww ngeen judduwaat bumu la jaaxel. (1)

Ci dëgg-dëgg maa ngi le koy wax, képp ku judduwaatul doo man a seede nguuru Yàla. Ku judduwul ci ndox ak ci xelum Yàlla, doo man bokk ci nguuru Yàlla. (2)

Lu juddo ci nit, nit la, waaye lu juddoo ci xelum Yàlla xel la. Ngelew fu ko neex lay jublu. Yeen a ngi koy dégg waaye xamuleen fu mu jóge, xamuleen fu mu jëm. Noonu la mel it ci kép ku juddo ci xelum Yàlla. (3)

Xam ngeen ne, ken du daax mbub mu mágget ak sekkiit wu bees; ndaxte sekkiit wi day ñoddi mbubb mi, te xootiku bi gëna yaatu. Te it, duñu def biiñ bu bees ci mbuus yu yaqu. Waaye biiñ bu bees, dees na ko def ci mbuus yu bees. Noonu ñoom ñaar duñu yáqu. (4)

Yaw yaay jángal banni Israyiil te xamuloo mbir yii? Gannaaw gëmuleen li ma leen di wax ci mbiri áddina, naka ngeen mana gëme lima leen di wax ci mbiru asamaan? (5)

Yàlla yónniwul Doomam ci áddina ngir mu daan nit ñi, waaye ngir mu musal leen. Képp ku ko gëm deesu la daam, waaye ku ko gëmul daan nanu la ba noppo, ndaxte gëmuloo Doom ji Yàlla am képp. (6)

Man maay ndekkite li, maay dund gi. Gu ma gëm, boo deyee it , dinga dund. Rax-ca dolli kuy dund te gëm ma, doo dee mukk! Ndax waxuma la nee, boo gëmee dinga gis ndamu Yàlla? (7)

Sama ñam moo di def coobarey Baay bi ma yónni te àggale liggeey bi ma sant. Jéf ji neex Yàlla moo di gëm ki mu yónni. (8)

Dégluleen wax jii: Dafa amoon góor gu am ñaari doom. Ben bés caat ma ne baay ba: Baay, damaa bëggoon nga jox ma li may wara fëetewo ci ndonoo li. Noonu baay bi daldi leen séddale alalam. Ay fan yu neew gannaaw gi, caat ba fab yëfam yépp, dem ca réev mu sore, yàq fa alalam ci topp nafsoom. Bi mu sanke alalam jépp, ab xiif am ca réew ma nu tambalee ñakk. Mu dem nag di liggeeyal ku dëkk ca réew ma, kooku yebal ko ci ay toolam ngir mu sàmm mbaam-xuux ya. Mu xiif ba bëgga lekk ca ñamu mbaan-xuux ya, ndaxte ken mayu ko dara. Mujj, xelam dellusi, mu ne: Sama baay am na ay surga yu bare te dañuy lekk bo suur. Man nag maa ngi fii di bëgga dee ak xiif!

Ci kaw loolu taaw ba daldi mer, bana dugg ca ker ga. Baayam daldi genn, ngir naan ko mu dugg. Waaye taaw ba tontu baayam ne ko: Seetal ñaata at laa la líggéeyal, mel ni jáam te musumaa moy sa ndigal, waaye yaw, musuloo ma may sax sel, ngir ma bánnexu man aka samay xariit. Waaye bi sa doom dikkee, moom mi yàq sa alal ci ndoxaan, reyal nga ko sellu wu duuf wi. Noonu Baay bi tontu ko ne ko: Sama doom yaa ngi ak man bés bu nekk, te li ma am lépp, yaa ko moom. Waaye war nanoo bánnexu te bég, ndaxte sa rakk jii dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te féeñ na. (9)

Su ngeen woññikiwul ci Yàlla, ba mel ni xale, dungeen dugg mukk ci nguuru Yàlla Ajia kawe ji. Doomu nit ki dafa ñew ngir musal ñi reer. Noonu it seen Baay bi nekk ci kaw bëggulken ci ñi gëna tuuti sàndku. (10)

Ndaxte Yàlla bëgg àddina ba joxe Dooman ji mu am képp, ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jex te doo sàndku mukk. Ndax gëm ngeen loolu?

TAALIBE YI AK JAAM YI

Këm menula jaamoondoo ñaari sáng: Fáww nga bañ kii, bëg ki ci des, walla nga jàpp ki, xeeb ki ci des. Mënuleena boole jáamu Yàla ak alal. (1)

Su kenn ci yeen bëgge tabax taaxum kaw, ndax du jékka toog, xalaat ñaata lako wara dikke, ngir seet ba xam ndax am na xaaliis bu mana àggale ligéey bi? Lu ko moy, su yekkatee fondamaa bi te mënu koo àggal, ñi koy gis dinañu ko ñaawal, naan ko: Waaji dafa tambale tabax waaye mënuko àggale.

Walla boog ban buur moy dug ci xare ak beneen bur te jëkkuka toog, seet ba xam ndax moom ak fukki junniy xarekatam mën nañoo xeex ak kiy ñew ak ñar fukki junniy xarekat? Su ko mënul, dafay yonnee ndaw ca beneen buur ba, fi ak ma ngay sore, ngir ñu juboo. Naka noonu itam ku nekk ci yeen, bu dëdduwu li mu am lépp, du mana nekk sama taalibe. (2)

Nit ki maandu ci jëf yu néew, dina maandu itam ci yu bare. Ku jubadi ci jëf yu néew, du jub ci jëf yu bare. Su fekkeente ne nag, jubuleen ci alalu àddina, kon ku leen di dénk alal ju wóor ji? Te su ngeen maanduwul ci alal ji ngeen móomul, kon ku leen di jox alal ci ngeen moom? (3)

Maa ngi leen di yónni, mel ni ay xar ci biir ay bukki. Muusleen nag niy jaan, te lewet niy pitax. (4) Xam ngeen ne ci xeet àddina, ñi ñu teg njiit deñu len di dóor yetu nguuur, te kelifa yi leen di leen noot. Buleen mel ni ñooñu. Waaye ku bëgge nekk kelifa ci yeen, na nekk seen surga, te ku bëgg nekk njiit, na nekk seen jàam. Ndaxte noonu la doomu nit ki ñewe sax, du ngir ñu nekk ay surgaam waaye ngir muy seen surga, ba joxe bakkanam ngir njotug ñu bare. Gannaaw xam ngeen loolu, bu ngeen doxalee noonu, dingeen bég. (5)

Boo xamee ne, Doomu hit ki mu ngl new ci' ndamam, and ak malaaka yépp, booba dina lau ni buur, toog ci jalal bu soloo ndam. Bu booba, dees na dajale xeeti àddina yépp ci kanamam, te dina xàjjale, ni sámm di xajjalee xar yi ak bëy yi. Mu teg xar yi ci ndeyjooram, beëy yi ci càmmooñam. Noonu buur bi dina wax ñi feete ndeyjoor: Agsileen, yeen ñi sama Baaybaarkeel, jëlleen nguuri gi ñu leen waajaal li dale ci njàlbéenug àddina. Ndaxte xiifoon naa, ngeen jox ma, ma lekk; te mar, ngeen jox ma, ma naan; nekkoon na ab doxandéem, ngéen fat ma, te rafle, ngeen wodd ma; woppoona, ngeen seetsi ma; te ñu tëj ma, ngeen ñew fi man. Ci kaw loolu, ñi njub dinañu tontu ne: Boroom bi xañ lañu la gisoon nga nekk ab ndoxandeem, ñu fat la, mbaa nga rafle ñu wood la? Kañ lañu gisoon nga wopp, mba ñu tëj ja, ñu ñew ci yaw? Noonu Buur dina leen tontu ne: Ci dëgg maa ngl leen koy wax, saa yu ngeen defalee loolu kenn ki gëna ndaw ci sam mbokk yii, man ngeen ko defal. Gannaaw loolu dina wax ñi ci càmmooñam: Soreleen ma yeen ñi alku, te dem ci safara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakam. Ndaxte xiifon na waaye joxuleen ma ma lekk, te mar waaye joxuleen ma ma naan. Nekkoon na ab doxandeem, waaye fatuleen ma, te rafle waaye woddu leen ma; woppoona te ñu tëj ma, waaye seetsiwuleen ma. Ci kaw loolu dinañu tontu ne: Boroom bi, kañ lanu ja gisoon nga xiif, mbaa nga mar, nga nekk ab doxandeem, mbaa rafle, nga wopp mbaa ñu tëj la, te topatoowuñula? Kon dina leen tontu ne: Ci dëgg maa ngl leen koy wax, saa su ngeen ko defalul ken ci ñi gëna ndaw, man sax ngeen ko defalul. Noonu ñi dinañu sóobu ci mbugal gu dul jeex, waaye ñi jub dinañu tábbi ci dund gu dul jeex. (7)

Yeena ngl may woowe: Kilifa gi, ak Boroom bi, te wax ngeen dëgg, moom laa. Kon bu fekkee ne, man miy Boroom bi tey kilifa gi, maa leen raxasal seeni tànk, yeen itam war ngeen di raxasalante seeni tànk. Bàyil naa leen fi royukaay, ngir ngeen di fi jëf, nii ma jëfeek yeen. (8)

YOONE BU MÀGG BI

Bàyil ñi dee ñu suul seeni néew. Yaw demal yégle nguuru Yàlla. (1)

Ngóob mi yaatu na, waaye liggykat yi bariwuñ. Ñaanleen nag boroom ngóob mi mu yébal ay líggeeykat, ñu góob toolam. Kuy ji, di geestu, yeyoowula liggyey ci nguuru Yàlla. (2)

Képp ku ma gëm dina def, moom itam jëf yi may def. Dina def sax yu gëna màgg, ndaxte maa ngl dem ci Baay bi. Ku bëggga doon sama surga, na ma topp, bu ko defee, fu ma nekk, fa lay nekk moom itam. Ku may liggyeyal, sama Baay dina ko teral. (3) Bu ngeen demee nag, yégleleen naan: Nguuru Yàlla Aji kawe ju jegesi na. Fajleen ñi wopp, dekkal ñi dee, fajleen gaana yi de dàq rab yi, Cig neen ngeen ame, mayeleen cig neen! (4)

leen yobbu ngir man ci kanami boroom reew ak I buur, ngir ngeen seede ma ci noom ak ci ni dul Yaawut. Boo xamee ne nag, jébbale nañu leen, buleen am xe ñaar ci li ngeen di wax, mbaa ni ngeen koy wara waxe; ndaxte ca waxtu woowa sax dingeen jot li ngeen wara wax; du yeenay wax, waaye Xelum seen Baay mooy wax ci yeen. Fàttaliku leen li ma leen wax: Jàam gënula mag sangam. Bu ñu ma sonalee, dinañu topp seen wax yeen itam. Waaye loolu lépp dinañu leen ko def ndax man, ndaxte xamuñu ki ma yónni. (8)

Su ma ñewul woon, ne leen dara, duñu am bakkhaar. Waaye léegi amuñu lay ngir seeni bakkhaar. Ku ma bañ, bañ nga itam sama Baay. Su ma deful woon ci seeni biir jef yu keen deful, kon duñu am bakkhaar. Waaye léegi nag gis nañu samy jëf te téewul ñu bañ nu, man ak sama Baay. Waaye loolu am na ngir kàddu gi am, kàddug gii ñu bind ci seen yoon: Bañ na ñu ma ci dara. (9)

Dama ñew ngir indi safara ci àddina, te bëgg naa xaat taal bi tàkk. Ndax dangeena xalaat ne, demaa ñew ngir indi jàmm ci àddina? Déedéet, ma ngi leen koy wax, dama ñew ngir indi féewaloo. Gannaaw ji tey, bu juróomi nit bokkee genn kér, dinañu féewaloo. Nett ñi dinañu féewalo ak ak ñaar ñi ci des, ñaar ñi feewaloo ak ñett ñooñu. Bu ngeen jankonteeeg bañneel lu àddina si, xamleen ne man la njékka bañ. Boo xamee ne, fitnaal nañu leen ci dëkk bii, demleen ca ba ca kanam. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, dungeen man wér dëkki Israyiil yépp, te Doomu nit ki ñewul. Koo xam ne gàntru na leen, mbaa mu tanqàmlu seeni wax, génn leen kér ga, mba dëkk ba, yëllëb seeni pëndu tânk. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, keroog bésug àtte ba, waa réew Sodom ak Gomoor ñooy tane dëkk boobu lee. (11)

Bu ngeen bòkkoon ci ñoom, dinañu leen bëgg ni ñu bëggee seeniy ñoñ. Waaye bòkkuleen ci àddina ndaxte maa leen tánn, berleen te loolu tax ñu bañ leen. (12)

Ku leen déglu, déglu na ma: Ku leen bañ, bañ na ma. Te ku ma bañ, bañ na ki ma yónni. Te yeen nag, ñépp dinañu leen bañ ndax sama tur; waaye ku muñ ba muj ga, mucc. (13)

Waaye nag déedéet, wéetuma, ndaxte Baay ba ngi may wettali. Dama leen wax loolu, ngir ngeen am jàmm ci man. Dingeen am nattu ci àddina, waaye takkleen fit yi, noot na àddina. (14)

ÑAAN BI KRIST JAGLEEL AY TALIBEEM

Baay, waxtu wi tax ma ñew ci addina agsi na. Feeñalal ndamu Doom ji, ngir moom itam mu mana feeñal sa ndam. Ndaxte jox nga ko sañ-sañ ci bépp mbindeef, ngir mu may dung gu dul jeex gi ñi nga ko dénk. (1)

Dung gu dul jeex gi nag, mooy ñu xam la, yaw jenn Yàlla ju wóor ji am, te ñu xam it ki nga yónni, muy Yeesu-krist. Wone naa sa ndam ci àddina ndax li ma matal ligéey bi nga ma sántoon. Léegi nag Baay, ci sa tewaay, feeñalal ci man ndam li ma amoon ci sa wet laata àddina di sosu. Xamal na sa tur nit ñi nga tánn ci àddina te dénk ma léen. Bokkoon nañu ci yaw, nga dénk ma leen,

Jòttali naa leen sa kàddu, te àddina bañ leen, ndax li ñu mel ni man, baña bokk ci áddina soosu.
Ñaanuma nga jèle leen áddina, waaye nga aar leen ci Iblis. Dañoo mel ni man: Bokkunñu ci
áddina. Sampleen ci dëgg, ngir ñu sell. Sa kàddu mooy dëgg.

Ni nga ma yónne ci àddina, noonu laa leen yónne ci nit ñi. Sellal naa sama bopp ngir ñoom ñu
sampu ci dëgg te sell. Ñaamaluma leen ñoom rekk, waaye itam ñi may gém ellég ndax seen wax.
Damay ñaan ngir ñepp doon been. Baay, na ñooñu nekk benn ci nun, ni nga nekke ci man te ma
nekke ko ci yaw. Nañu ànd ba àddina gém ne yaa ma yónni.

Boole na leen ci ndam, li nga ma sol ngir ñu àndandoo ni mu ande ak yaw. Man ci ñoom, yaaw iit ci
man, ngir ñu gënna ánd nekk benn, ba àddina xam ne yaa ma yónni, xam ne bëg nga leen, ni nga
ma bëgge. Baay, bëgg naa ñi nga ma dék nekk ak man fa ma jëm, ngir ñu gis sama ndam li nga
ma sol, ndaxte bëgg nga ma, laata áddina di sosu.

Baay, yaw ku jub ki, waa àddina xamunñu la, waaye man xam naa la , te ñii xam nañu ne yaa ma
yónni. Xamal naa leen sa tur te dinaa ko gëna xamle ngir mbëggeel gi nga am ci man nekk ci ñoom
te man it ma nekk ci ñoom. Amiin. (2)

JUROOMEELU XAAJ

DIGE BI

JAMANO JII

Kuma rusa faral, te nanguwul samay wax ci kanamu niti jamano jii, ñi fecci kóllëre ak Yàlla te
topp bákkaar, Doomu nit ki dina la rusa xam, bés bu ñëwee ci ndamu Baayaam, ánd ak malaaka yu
sell yi. (1)

Yee namay laaj firnde, yeen niti jamano jii, yeen ñi fecci seen kóllëre ak Yàlla, waaye dungeen
jot gen firnde gudul firnde yonnent yonent Yàlla Yunus. Ndaxte ni Yunus nekke woon ñetti
guddi ak ñetti bëccëg ci biir rabbu géej wu mag wa , noonu la Doomu nit ki dit nekke ñetti guddi ak
ñetti bëccëg ci biir suuf.

Keroog bés pénc waa dekku Niniiw dinañu jógandoo ak niti jamano jii, yey leen. Ndaxte dañioo
jóge ca catul àddina, ngir déglu xam-xamu Suleymaan, te ku sut Suleymaan a ngi fi. (2)

Niti jamanoo ji nag, lan la leen mana mengaleel? Nu ngi nirook xale yu toog ca pénc ma di woo
seeni xarit, ne leen: " Liital nañ leen ak toxoro, te feculeen; woyal nanu leen woyi dëj, te jooyuleen.

Ñëwleen ci man yeen ñépp ñi son te diis, dina leen may noflaay. Jéballuleen ci man te jáng ci man, ndaxte lewet naa te woyef, te dingeen am noflaay ci seen xol. Ndaxte sama kilifteeef lewet na , te sama yen diisul. (6)

Yeen ñi ma topp dingeen toog ci fukki jal ak ñaar di àtte fukki giir ak ñaar yi nga xam nee dëgëral nañu seeni xol te won gannaaw kàddug dëgg gi. (7)

AB DËKKUKAAAY NGIR YEEN

Maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk (1)

Buleen jàq. Gëm leen Yàlla te gëm ma. Am na néeg yu bare ca sam kér Baay, bu dul woon noonu, ma wax leen ko, ndaxte maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk. Te su ma leen defaralee bérab booba bo noppi, dina dellusi, yóbbale leen, ba fama nekk, ngeen nekk fa, yeen itam. Ci dëgg soo len ma bëggee dingeen bégg, ndaxte maa ngi jem ci Baay bi: Noonu Baay bi momma gëna mágg. (2)

Buleen njaxle ci li ma ne: Ca kanam tuuti, dungeon ma gisati , te bu ñu ca tegee ab diir, ngeen gisaat ma ndax loolu ngeen laayante ci seen biir? Dingeen jooy xàcc, waaye àddina dina bég; dingeen jàq, waaye seen njaqare dina soppiku bánneex. (3)

Jigéen ju nekk ci mat, dafay jáq, ndaxte waxtu wi mu wara muc jot na. Waaye bu doom bi juddoo, dina fátte coonoom ndaxte day bég ci li doom ganesi àddina. Noonu nag ngeen di jaqe, yeen itam waaye dina leen gisaat, seeni xol sedd, te seen mbég moomu, kenn du Ko mana dindi. (4)

DIGE XEL MU SEL MI

Xellu Yàlla mi mooy joxe dund gi (1)

Bu ngeen ma bëgge, dingeen topp sama ndigal, te dinaa ñaan Baay bi mu jox leen beneen Dimbalikak buy nekk ak yeen ba abadan. Kooku mooy Xellu Yàlla, mi yor dëgg gi. Áddina du ko mana nangu, ndaxte gisu ko te xamu ko. Yeen xam ngeen ko, ndaxte mi ngi dëkk ak yeen te dina nekk ci yeen. (2)

Duma leen bàyyi ngeen wéet. Li gën ci yeen mooy ma dem ndaxte su dul loolu, Dimbalikat bi du ñew ci Yeen; waaye su ma demee, dina leen ko yónnee.

Te bu dikke, dina yey niti àddina ci lu jëm ci seen bákkaar, ci lu jëm ci sama njubte, ak ci lu jëm ci àtte ba. Ci mbiri seen bákkaar, dina leen yey ci li ñu ma gëmuul. Ci mbiri sama njubte, dina leen

Bu la sa doom naane jen, yaw miy baayam, nuax dinga ko ban jox jen, jox koo jaan? Wana mu ñaan la nen, nga jox ko jiit? Ndegam yeen ñi bon yeeda mana jox seeni gune lu baax, astemaak Baay bi nekk ci kaw dina jox Xel mu Sell ñi ko ko ñaan. (5)

Dimbalikat bi dina ñew, mooy Xel mi jóge ci Baay bi tey yor dëgg gi. Dina jóge ci Baay bi, ma yebal ko ci yeen. Moom nag, moo may seedeeli. Dina leen jángal lépp, di leen fáttali lima leen waxoon lépp. (6)

AB WOOTE CI DUNG GI

Képp ku gëm Doomu nit ki, am na dung gu dul jeex te doo sánku mukk (1)

Dafa amoom nit, ku toglu ay ñam, woo ay nit ñu bare. Bi waxtu lekk jotee, mu yónni, surga ya ca ña muy ganale, fáttali leen: Man ngéen ñew ndaxte lépp sotti na léegi.

Waaye ñu támbale di jeggalu ci ngan gi ñoom ñepp. Ku jëkk ka ne ko: Dama jënd tool léegi, te fáww ma dem seeti ko. Maa ngi lay ñaan nga jeggal ma.

Keneen ne: Dama jënd léegi fukki yëkk, te damay dem nii, jéem leena bayloo ba xam. Maa ngi lay ñaan nga jeggal ma.

Keneen ne ko: Dama soga takk jabar, loolo tax duma mana ñew teew si.

Surga ba dellu ca njaatigeem nettali ko loolu lépp. Noonu boroom kér ga mer, daldi me surga ba: Demal gaaw ca pénc ya ak ca mbedd ya ca dëkk ba, te indil ma fii néew doole yi, ñu láaggi ñi, gumba yi, ak lafañ yi.

Surga ba ñéwaat, ne ko: Sang bi, def naa li nga ma sant, waaye bérab ba feesul.

Noonu njaatige ba ne ko: Génnal dëkk bi te dem ca yoon ya ak ca tool ya, xiir nit ñi , ñu duggsi, ngir sama kér fees. Maa ngi leen koy wax, ci ñi ma woowoon ci sama reer bi, kenn du ci ñam. (2)

Ku dégg sama gáddu te gëm ki ma yónni am nga dung gudul jeex to doo jaar ca átte ba, ndaxte génn nga ci dee, tábbi ci dund.

Jamaano dina ñew te agsi na ba noppi, mooy jamano, ji ñu dee yépp yi nekk c i seen bàmmel di dégg baatam tey génn.

Ñi daan def lu baax dinañu dekki, dund ba fáww. Waaye ñi daan def lu bon, dinañu dekki ñu daan leen. (3)

Dund gu dul jeex gi nag, mooy ñu xamla yaw jenn Yálla ju wóor ji am, te ñu xam it ki nga yónni; muy Yeesu-Krist. Gémleen sama káddu. Ndaxte Yálla dafa bëgg áddina, ba joxe jenn Dooma ju mu am kepp, ngir ku ki gëm a m dund gu dul jeex te doo sánku múkk . Noonu xebaar bu baax bii ci nguuru Yálla, dees na ko yégle ci àddina sépp, ngir mu nekk seede ci xeet yépp. Boo loolu amee, muju jamano ji jot. (4)

Boroom ker gi nag yonniwaat yeneen surga, yu epp yu Jekk ya, beykat yi dei leen noonu noom itam. Mujj mu yónni dooman naan: Xajna ñu déglu sama doom.

Waaye bi beykat yi gisee doom ji, ñu nee ci seen bopp, kii moo wara donn tool bi; nan ko rey moon ndonoom.

Ñu japp ko nag, génne ko tool bi, rey ko. Noonu Yeesu laaj leen: Bu boroom tool bi ñëwee, na muy def beykat yi? (2)

Cey yaw itam, boo xamoon bésüb tey li la mana indil jámm! Waaye fi mu ne mënuloo koo gis. Bu booba, nit ñiy xém ndax tiitange bu ñuy xalaat musiba, yi nar wàcc ci áddina, ndaxte dees na yengal kàttani asamaan. (4)

Dina am bés bu li ñuy wax di am! Lu aram luy yàqe, dina tege ca bérab bu sell ba. Mooy li ñu doon wax jaarale ko ci yonnent Yàlla Dañel; ku leen jáng, nanga ko xam. Bu ngeen gisee loolu nag ku nekk ci biir diwaan nu dëkk yu mag ya, nanga daw ca tund ya, ku nekk ci kaw taaxu kaw, bul wacc ngir fab say yëf ya nekk ci biir kér ga, Ku nekk ca tool ba, bul ñibbi ngir fab sa mbubb.

Ngalla jigéen ju émb ca bés yooyu, ngalla it ñiy námpal. Ñaanleen nag seen gádday bunu nekk jamanoy seddu lolli, walla bésunoflaay bi. Ndaxte booba dina am mettit wu réy, wu musula am, ba áddina sosoos ak tey, te dootul am mukk. Te bu ñu wañiwudoon bes yooyu, kenn du mucc, waaye dees na leen waññ ndax ñi Yàlla tànn. (5)

Bés dina ñewi yu say noon di jal, wërale la. Dinañu la tēj ci biir, tàn la. Dinañu la yáqaate, yaw ak sa waa dëkk. Doj dootul des ci kaw, ndaxte rañnewoo jamano ji Yálla ñëwee ganesi la. (6)

Du gis ngeen yii yépp? Ci dëgg maa ngi leen koy wax, lii lépp dina daanu, ba toj dootul des ci kaw doj. Te ñi dul Yawut dinañu nappaaje Yerusalem, ba kera jamano ñi dul Yawut mat. (7)

Bu ngeen déggee ay xare ak ay réew yu jóg, wottuleena tiit, ndaxte fàww yooyule jékka am. Waaye taxul mujug jamano daldi taxaw. Xeet dina jog, xeex ak weneen xeet, réew dina xeex ak meneen réew. Suuf si dina yengu yengu yu réy, te wopp ak xiif dina am ci bérab yu bare. Dina am it ay xew-xew yu raglu ak ay firnde yu mag yuy jóge asamaan. Ay firnde dinañu feeñ ci jant bi, ci weer wi ak ci biddiiw yi. Ci kaw suuf xeet yi dinañu tiit, jaaxle ndax riiru géej gi ak yengug yengug duus yi. Dina am ay xiif ak ay musiba, ak ay yengu yengu suuf. Waaye loolu lépp mooy ndoortel mettit yi. Te gannaaw dey doon luy law, mbéggelug ñi épp dina wáññiku. (8)

Bu booba dees na leen jebbale, mettilal leen, rey leen; te xeet yépp dinañu leen bañ ndax sam tur. Yeewuleen, di sax ci ñaam, ngir ngeen mana mucc ci loolu lépp wara xew, te mana taxaw ak kóolute ci kanamu Doomu nit ki te di Almasi bi. (9)

Yangleen misalu garabu figg ga. Boo xamee ne ay bàンqasam duynañu, ay xobam sëq, xam ngeen ne nawet jega na. Waaye bés booba, walla waxtu wa, kenn xamul kañ lay doon; du malaaka yi ci

Booba nag, bu leen ken waxe: Kaayleen gis, Krist a ngi iii, mbaa mu nga rafe, buleen ko gem.

Ndaxte ñi mbubboo turu Krist ak ñi mbubboo turu Yonent dinañu feeñ, di joxe ay firnde yu réy ak kéemaan ba ciy nax sax ñi Yalla tan, su loolu mënoona am.

Bu ñu leen waxe nag: Seetleen, mu nga nale ca àll ba; buleen géen. MBA ñu nee: Seetleen, mu ngi ni ci biir kér gi, buleen ko gém. Ndaxte ni melax di fáqe penku, te lerax ba sowu, noonu la ñëwu Doomu nit ki di mel. (3)

Keroog ca bés ba, Doomi nit ki dina feeñ ci asamaan, te xeeti áddina sépp dinañu jooy. Dina ñu gis Doom nit ki di ñëw ci niiri asamaan si, ánd ak baatu liit bu jolli ca kaw, ñu dajale ñi mu tånn ci ñeenti xebla yi, fa asamaan dale ba fu mu yem. Te noonu dina delloo ku nekk ay jéfam. (4)

Ni bési Nóohin ya, noonu lay mel bu Doomu nit ki di ñëw. Ndaxte ca bés ya jiitu mbënn ma, nit ñaa ngi doon lekk, di naan, góor ya ngi doon takk jabar, tey maye seeni doom, ba bés ba Nóohim dugge ca gaal ga; xalatuñu woon dara, ba kera doxum mbënn ma di dik, yóbbu leen. Noonu lay mel ci ñëwu Doomu nit ki. (5)

Dina mel na lii xewoon ca bes yi Lóot. Nit ñi ngi doon lekk a k di naan, di jënd ak di jaay, di ji ak di tabax. Waaye bés ba loot genne Sodom, Yalla tawloo safara ak tamarax, rey leen ñoom ñépp. Noonu lay mel, bés bu Doomu nit kiy feeñ. (6)

Moytuleen seen nafsu diigal leen ci yàqute cim mändite ak ittey àddina, ba bés boobu bett lenn. Ndaxte dina dal ci ñépp ñi nekk ci kaw suuf. (7)

Bu Booba, ci ñaar ñu nekk cib tool, dinañu jel kenn ki, báyyi ki ci des. Ci ñaari jégéen ñuy wol ca ëtt ba, dinañu jél kenn ki, báyyi ki ci des. Yeewuleen nag, ndaxte xamuleen bés bu seen Boroom di ñëw. Waaye xam leen lii: Bu boroom kér gi xamoom ci ban waxtu ci guddu la sàcc di di ñëw, kon dina yeewu te du ko báyyi mu toj këram. Ñi seeni bët di gis li ngeen di gis, am nañu mbég. Ndaxte maa ngi leen koy wax, yonent yu bare ak buur yu bare bëggoon nañoo gis li ngeen di gis, waaye gisuñu ko, te dég li ngeen di dégg, waaye dégguñu ko.

Loolu moo tax yeen itam taxawlen jonn, ndaxte Domu nit ki dina ñëw ci waxtu wu ngeen ko séenuwul. (8)

Déglu leen léebu fukki jánq ya faboon seeni làmp, génn, gatanduji boroom séet ba. Fekk juróom ca jánq ya di ñu am xel, juróom ya ca des ñak xel. Ñi ñak xel nag fag nañu seeni lámp, waaye fabaalewuñu diwlin, waaye ñi am xel ñoom fab nañu seeni làmp fabaale diwlin ciy njáq. Ni boroom séet bi yeexee ñëw, ñépp gëmméentu bay nelaw.

ngi leen koy wax, njaatige bi dina soi yerey waan, wax leen nu toog lekk, ba noppri indii leen nam wi. (10)

Yeewuleen nag, ndaxte xamuleen bés ba mbaa waxtu wa Doomu nit ki di dellusi. Takkuleen bu déger te bàyyi làmp yi takk. Mel leen ni ay surga yuy xaar seen njaatige, buy jóge ca céet ga ndax bu fègge bunt ba, ñu ubbil ko ca saasa. (11)

Asamaam ci ak suuf si jóge fi, moo gëma yomb randal wenn rëdd ci arafu yoonu Musaa. (12)

JUROOM-BENNEELU JAAX BI

BEES YU MUJJ YU YEESU CI KAW SUUF

WOR BI

Li yonent yi bindoom lépp ci mbirum Doomu nit ki dina mat. Dinañu ki jébbal ñi dul Yawut, ñu ñaawaal ko, saaga ko, tifli ci kawam. Ganaaw bu ñu ko dóore ay yar ba noppri, dinañu ko rey, waaye ca ñetteelu fan ba dina dekki. (1)

Samay soppe, sama nekk ak yeen dootul yàgg. Fama jém, dungeon fa mana dem. Ñanu lékk réeru jeggi bu mujj bii laata ñu may sonal. Ndaxte maa ngi leen koy wax, dootuma ko lekk mukk, lu dul ba kera muy mat ci nguuru Yàlla. Noonu itam dootuma naan ndoxum réseñ mi, ba kera Yàlla di téral nguuram.

Noonu mu jël mbuuru njoxleen ko ne: Lii sama yaram la, wi ma joxe ngir yeen. Defleen lii, ngir fàttaliku ma. Mu jël kaas ne leen: Lii moy misaal kóllère gu bees gi Yàlla jaarale ko ci sama deret, ji tuuru ngir yeen. (2)

Demaa ware joxe sama dund ni ko yonent yi waxe woon. Doomu nit ki mu ngi dem, ni ñu ko waxe ci Mbind mi, waaye ki koy wór dina torox, bañoona juddu moo gënoon ci moom. Yeen ñépp taxuleen may wax; xam naa ñi ma tànn. Waaye li Mbind mi wax, fàww mu am bi mu naan: " Ki lell sama dugub wéq na ma ". Maa ngi leen koy wax ci teel, bala looloo ñëw, ngir bu ñëwee, ngeen gëm ne Maay ki Nekk. (3)

Àttan ngaa joxe sa bakkan ngir man?

Yeen ñépp dingeen ma dággeeki, ndaxte Mbind nañu: " Dina dóor sàmm bi, xari jur gi tasaaro". (4)

ma feenale ndamu Yalla, Yalla itam ci teewaayam dina feenal ndamu Doomu nit ki, te dina ko dei léegi. (8)

ATTE BI AK BANT BI

Amuloo ben sañ-sañ ci man su dul bi la Yalla jox. (1)

Lu tax nga may laaj? Laajal ñi doon déglu li ma leen wax. Ñoom xam nañu li ma doon wax. Ci mboolo laa doon waxe. Ci kér Yalla ga ak ci ay jángu, fa yawut yépp di daje, laa mas di jangelee. Musuma wax dara di ko nëbb.

Suma waxee lu jaaduwul, wone ko; waaye su ma waxe lu jub lu tax nga may dóor. (2)

Sam kilifteef nekkul ci àddina. Bu sama kilifteef nekkoon àddina, sama surga yi dinañu xeex, bañ ñu jébbale ma. Sama kilifteef nekkul áddina.

Wax nga ko; buur la. Lii moo tax, ma juddo, ci ñëw àddina: Ngir wax dëg gi, ku bokk ci dëgg gi dina nangu li ma wax. (3)

Léegi ñu daq malaaka mu bon mi jiite àddina si. Te man, bu ñu ma yekketee, ma tiim suuf, dina woo nit ñëp ci man. (4)

Baay bi bëg na ma, ndaxte damay joxe sama bakkan ngir jëlaat ko. Kenn du ko jële ci man, man maa koy joxe ci sama coobarey bopp. Am naa it sañ-sañ joxe ko te am naa sañ-sañ jëlaat ko.

Loolu la ma sama Baay sant. (5)

Baay, baal leen ndaxte xamuñu li ñuy def.

Eli, Eli, Lama Sabaktani; l iy tekki: Sama Yalla, sama Yalla, lu tax nga dëddu ma?

GANNAAW NDEKKITE LA

Yeen dal yeena ñakk xel, te sen xol yeexa gëm li yonent yi yégle woom! Xana du Krist di Almasi bi dafa waroon daj coono te dugg ci ndamam? Báyyil di weddi te nga gëm (1)

Bi ma nekkee ak yeen, waxoon naa leen baat yii: Li ñu mbind lépp ci samay mbir ci Yoonu Musaa ad téerey yonent yi ak ci Sabóor dafa wara am: Fáww Almasi bi sóon, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, te it ñuy yégle yépp ci turam, dale ko ci Yérusalem, ne war nañoo tuub seeni bàkkaar, Yalla baal leen. (2)

mooy ki gem te gisus ma. (5)

Des na tuuti ci kanam , àddina du ma gisati; waaye yeen dingeen ma gis. Dina dund, moo tax yeen itam dingeen dund. (6)

BEES BU NEKK

Ni ma Baay bi yónnee, noonu la leen di yónne, man itam. (1)

Demleen nag sàkk ay taalibe ci xeet yépp, sóob leen ci ndox ci turu Baay ji, ak Doom ji, ak Xel mu sell mi. Demleen ci àddina sépp, yégal xebaar bu baax bi mbindeef yépp. Ku gém te ñu sóob ko ci dox, dina mucc; ku gëmul, dees na ko daan. (2)

Buleen sore, waaye ngen xaar li Baay dige woon, te ma waxoon leen ko. Yaxya ci boppam moom daa sóob nit ñi ci dox, waaye yeen, dees na leen sóob ci Xel mu Sell mi fi ak ay fan yu néew. (3)

Bu Xel mu Sell mi ñëwee ci yeen, dingeen jot káttan, te nekk samay seede ci dëkku Yérusalem, ca diiwanu Yude ak Samari Yépp, ak ba fa àddina yem. Sol naa leen Xellu Yàlla mu Sell mi. (4)

Jàngal leen xeet yi ñu sàmm lépp li ma leen sant; te fáttalikuleen ma ngi ak yeen bés bu nekk, ba kera àddina di tukki.

XËT BIY WONE FI NGEEN DI SEET

XAAJ BU NJËK BI

Yeen na ku ngeen ne moom la?

Jafe-jafe diine bi.

1. Macë 16:6, 2. Mark 8:18-21, 3. Mark 7:7-9, 4. Macë 7:15, Yowanna 8:44, 5. Macë 23: 13-28,
5. Yowanna 5:44, 6. Macë 23: 29-34, 7. Macë 15: 7-8, Esayi 29:13, 8. Lukk 16:15, 9. Macë 8:11-12, 5: 20

Leer gi leeral àddina si

1. Yowanna 12:46; 8:12, 2. Yowanna 3:19-21, 3. Yowanna 5: 33-35-36; 10:37-38; 9: 4, 4. Macë 6: 22-23, 5. Yowanna 11:9-10; 12: 35; Macë 15:14, Yowanna 12: 36, 6. Lukk 8:17; Macë 10:27

**Yowanna 37:38, 6. Yowanna 10:36, 7. Yowanna 14: 6; 6:65, 8. Yowanna 12:47-48, 9. Mace
24:35**

Baay bi

**1. Macë: 22:42, 2. Macë 11:27, Yowanna 7:29, 3. Yowanna 8: 29; 14: 9-10, 4. Yowanna 10:30; 16:
15-28, 5. Yowanna 5: 19-21, 6. Yowanna 5:19,26,27, 30; 7. 8:28**

Sàmm bu baax bi

**1. Lukk 12: 32, 2. Yowanna 10: 14-15, 27 29 16, 3. Yowanna 10: 2-5, 4. Yowanna 10: 11, 12, 5 .
Yowanna 10: 7, 1, 8, 9; 6. Yowanna 10:10.**

DUNDU RUU.

**1. Macë 4:4; Dotorom 8: 3, 2. Yowanna 6:35. 48-51, 3. Yowanna 6:27, 4. Yowanna 6: 49, 32,33;
5. Yowanna 4: 10, 1,4; 6. Yowanna 7:37-38.**

ÑAAREELU XAAJ

NGUURU YÀLLA GU BEES BI

NGUURU YÀLLA BI

**1. Macë 11:12, 2. Macë 13: 24-30, 37-43, 3. Macë 12: 25-29. 4. Macë 21:42-43, 5. Mark 3: 28-29;
Macë 21:31-32, 6. Macë 7:21; Lukk 13: 25-27, Macë 7: 21-23, 7. Lukk 8:10, 8. Macë 35: 14-30,
9. Macë 20: 1-16; 22:14, 10. Macë 13: 45-46, 11. Macë 13: 44, 12. Mark 4:26-29, 13. Macë 13:
31-33, 14. Macë 13: 47-50, 15. Lukk 22:35; Macë 6: 34,27, 16. Macë 6: 26, 17. Macë 10: 29-30,
18. Macë 6: 28-33.**

NDIGALU BUUR BI

**1. Mark 12:29-30; Dotoronom 6:4, 2. Mark 12:31; Levitik 19:18, 3. Mark 12:31; Yowanna
15:12,13; Mark 12:31, 4. Macë 5:19; Yowanna 15:11, 5. Macë 5: 43-47, 6. Yowanna 3: 34,35;
14:23, 7.Yowanna 16:27; 15: 9-10, 8. Lukk 10: 30-37.**

1,2. Macë 7:24-27` 3. Lukk 18:10-14, 16,17; 4. Yowanna 7:17,16; 5. Yowannna 4: 21-24; Lukk 19:40, 6. Macë 12: 3-12; Yowanna 7:23,24, 7. Yowanna 9:39

XIIWËL YI

1,2. Lukk 11:28; Macë 24:46, 3. Macë 5: 3-12, 4. Yowanna 20: 29; Macë 13:16, 5. Macë 25:34

DOOLEY ŅAAN BI

1. Yowanna 16:24, 2. Lukk 11: 5-10, 3. Lukk 18:2-8, 4. Macë 6: 7, 8, 5. Macë 21:13; Esayi 56: 7, 6. Macë 6:6; Mark 11: 24; Yowanna 15:16, 7. Macë 6: 9-13

ALAL YI CI ASAMAAN

1. Lukk 6:31, 2. Lukk 16:19-31, 3. Lukk 6: 34 , 30 4. Mark 12: 43, 44, 5. Mark 10: 24, 25, 27, 6. Macë 6: 19-21, 7. Macë 6: 1, 2, 8; 8. Macë 6: 34, 9. Lukk 6: 38, 10. Lukk 12: 16-21; Macë 16: 26

NGËM LIY RANDAL AY TUND

1. Macë 9:29, 2. Macë 8:11, 12, 3. Macë 18: 19, 20, 4. Mark: 16: 17, 18, 5. Macë 17: 20; Mark 11: 24 6. Macë 18: 18, 7. Mark 5: 36; 9: 23.

TEEY, YIRMANDE AK BAALE

1. Lukk 7:47, 2. Lukk 41, 42, 3. Macë 18: 23-35, 4. Macë 18: 22, ; 5: 25, 5. Macë 5: 38-43, 6. Mark 11: 25; 5. 23, 24, 7. Macë 6: 14

DUND WIY MEÑÑ

1. Macë 7: 16, 2. Macë 5: 13, 7: 17-20, 3. Lukk 13: 6-9, 4. Yowanna 15: 8, Macë 12: 35, 5. Macë 13: 18-23.

WOOTE CI DUNG GU BEES GI
WOOTE BI

1. Yowanna 15: 16, 2. Mark 10: 18-22; Macë 21: 28-32, 3. Macë 16: 24,25, 4. Macë 22: 2- 14;
Mark 1: 15; Yowanna 15: 19, 5. Yowanna 6: 66, 37, 6. Yowanna 1: 5, 7. Macë 7: 13, 14; Lukk
13:24.

DOON KU JUDUWAAT

1. Yowanna 3:7, 2. Yowanna 3: 3,5, 3. Yowanna 3; 6, 8, 4. Macë 9: 16, 17, 5. Yowanna 3: 10,12,
6. Yowanna 3: 17,18, 7. Yowanna 11: 25,26, 40, 8. Yowanna 4: 34; 6: 29, 9. Lukk: 11: 32, 10.
Macë 18: 3, 11, 14, 11. Yowanna 3: 16; 11: 26

TAALIBE YI AK JAAM YI

1. Macë 6:24, 2. Lukk 14: 28-33, 3. Lukk 16: 10 – 12, 4. Macë 10: 16 , 5. Mark 10: 41 – 45;
Yowanna 13: 17, Yowanna 8: 31; Macë 23: 2-12, 7. Macë 25: 31-46, 8. Yowanna 13: 13-15

YOONE BU MAG BI

1. Lukk 9: 60, 2. Lukk 10: 2; 9: 62, 3. Yowanna 14: 12; 12: 26, 4. Macë 10: 7, 8, 5. Macë 12: 30,
6. Lukk 10: 5 – 7, 7. Yowanna 13: 20, 8. Macë 10: 17 – 20; Yowanna 15: 20, 21, 9. Yowanna 15:
22-25; Sabóor 35: 19, 10. Lukk 12: 49 –53, Macë 10: 21, 11. Macë 10:23, 14, 15; Yowanna 15: 18,
12. Yowanna 15 : 19, 13. Lukk 10:16; Macë 10: 22, 14. Yowanna 16: 33

ÑAAN BI KRIST ÑAAN JÁGLEEL KO AY TAALIBEEM.

1,2. Yowanna 17: 1-26

1. Yowanna 14: 2, 2. Yowanna 14: 1-3, 3. Yowanna 16: 19, 20, 4. Yowanna 16: 21-22.

DIGE XEL MU SÉLL MI

**1.Yowanna 6: 63, 2. Yowanna 14: 15 – 17, 3. Yowanna 14: 18; 16: 7 – 13, 4. Yowanna 16: 14, 15,
5. Lukk 11: 11 – 13, 6. Yowanna 15: 26; 14: 26.**

AB WOOTE CI DUND GI

**1. Yowanna 3:16, 2. Lukk 14: 16 – 4, 3. Yowanna 5: 24, 25, 38, 29, 4. Yowanna 17: 3; 16; Macë
24:14**

JAMANO YU MUJJ YI

**1. Macë 24: 34, 2. Macë 21: 33-39, 3. Lukk 19: 42; 21: 26, 5. Macë 24: 15-22, 6. Lukk 19: 43,44,
7. Macë 24: 2; Lukk 21: 24, 8. Lukk 21: 9 – 11, 25 Macë 24: 7,8,12, 9. Macë 24: 9; Lukk 21:
36, 10. Macë 24: 32, 33, 36.**

DELLUSI GI

**Macë24: 4, 5, 11, 3. Macë 24: 3 – 27, 4. Macë 24: 30, 31; 26: 24; 16 : 27, 5. Macë 24: 37 – 39, 6.
Lukk 17: 28 – 30, 7. Lukk 21: 34, 35, 8. Lukk 10: 24; Macë 24: 40 – 44. 9. Macë 25: 1-12, 10.
Lukk 12: 37.38, 11. Macë 25: 13; Lukk 12: 39, 37, 12. Lukk 16:17.**

JUROOM BENNEELU XAAJ BI

BEES YU MUJJ WU YEESU CI KAW SUUF

WOR BI

**1. Lukk 18: 31-33, 2. Yowanna 13: 33; Lukk 22: 15, 16, 18, 20, 3. Macë 26: 24; Yowanna 13: 19;
Sabóor 41:9; Yowanna 13:19, 4. Yowanna 13: 38; Mark 14:27; Sakaria 13: 7, 5. Mark 14: 36,
6. Mark14: 41; Macë 26:52, 7. Lukk 22: 48-52,53, 8. Macë 26:53; Yowanna 13: 31.**

BÉS BU NEKK

1. Yowanna 20:21, 2. Macë 28:20; Mark 16: 15, 16, 3. Jéf ya 1: 4, 5, 4. Jéf ya 1: 8; Yowanna 20: 22, 5. Macë 28: 20.

" Su fekkente ne lu sell mas naa ñëw ci kaw suuf jóge ca asamaan, mu ngi nekk ci Krist. Xalaatu mbindeef mënula xam mukk ba mu jeex cofeel gi nekk ci kàddu Yeesu yii".

Goethe

Ñaari junniy at booba ak léegi, genn nit soppi ma doxaliin nu àddina. Ci bir 33 at (fan wéeri at ak ñatt) yi mu dund ci kaw suuf, doon na ci lu ñuy waxtaane. Átte nañu ko te rey ko, mengale ko ak bòomkat nit. Noonu itam rey nañu ay taalibeem ndax ngëm li ñu am ci Doomu Yàlla gi, tey seede ne mu ngi dund. Ci jamanoy léegi kàddoom yaa ngi wey di def kemtaam ci xol yi ak ay coppite ci dundiin.

Doomu nit ki wax na ne: " Dema ñëw ndax ngeen am dung, te dund ba faww".

Ci sotti gu bees gii, Lee Cantelon dafa ñoo may ñu xam bu baax xebaar bi ak jàngale mu nit kiy wooye boppam Almasi bi, di Leeru àddina ci.

" At ya ngi wees, te firnde yi bare nañu, tey woone ne Yeesu mooy ki ñu genne raññee dundam ci kaw suuf. Loolu day génn di law."

Kennet Scott Latourette Sterling
Professor of History, Yale University

" Génn Yàlla moo am ak kenn ku nekk digante nit ak Yàlla, Yeesu-Krist nit ki mi dee ndax jot ñu."

Pool mu tedd mi

